

MINAMATO YEMAZUVA ESE

CHINYORWA

1

Ndira-Kukadzi-Kurume

2024



Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA

KWETE KUTENGESWA

IRI BHIKU SATO BRADHARWA
NEVATAKABATANA NAVO SAKA
RINOGONA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



UEBERT NA BEBE ANGEL

Uebert neBebe Angel, vashumiri veshoko raMwari vanenguva yakareba vachiita basa iri uye ndivo varikutungamirira mukufambisa shoko renyasha dza Mwari (Euaggelion) nechiporofita pasi rese. Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku akaita mukurumbira anoverengera Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe Uebert ne BeBe Angel vashumiri vanokokwa kumisangano yakawanda pasi rese kuti vazoshumira nekudzidzisa uye vanokosheswa pamusoro pemuono wavo, nekushumira kwavo shoko raMwari vasingatye. Ndivo vakavamba Good News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita vashandura hupenyu hwemamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, pasi pechirongwa chavo chekutendeutsa vanhu, kuburikidza nekuunza kwavo chizaruro cheNhau Dzakanaka Dzenyasha Dza Mwari (Euaggelion).

**Zvakazarurwa 1:8**

Ndini Arfa na Omega, wokutanga nowokupedzisira, ndizvo zvinoreva Ishe Mwari, uripo nouchazovapo wamasimba ose.

Vanhu vazhinji vanoti kana vanzwa mashoko ari pamusoro achitaurwa, zvikuru sei pakati pemaKristu vanobva vafunga kuti anoreva kuti Mwari ndiye kutanga nekuguma. Uku ndiko kunzwisisa kwavanoita nako magwaro, asi mashoko aya anezvaanoreva zvine hudzamu kudarika zvinofungwa neveruzhinji. Izvezvi unogona kunge uchitovibvunza kuti, "Munhu waMwari arikurevei chaizvo kana achidaro?" Chimbomira ndikutsanangurire.

Kuti Arfa naOmega, zvinoreva kuti "Uyo anotanga nemagumo kutanga kusati kwavepo." Bhaibheri rinoti Kristu akarovererwa pamuchinjikwa nheyo dzenyika dzisati dzavepo, zvichireva kuti

kuguma ndiko kwakatanga kuvapo iye asati aberekwa naMariya. Mwari vakapedza kare zvese zvirima maererano nehupenyu hwako, uye vakakupa kare maropafadzo epanyama nepamweya.

Mamiriyoni emadhura aurikutsvaga aya, wakatoapihwa kare, uye nyaya yekuti uve nehutano hwakanaka, Mwari vakatoipedza kare kana ivo vachikutarisa. Tora zvese zvirima zvako nhasi apo uri kutema zvirima zvepamweya. Mwari vakakupa zvaunofanira kunge uinazvo panerino pasi zvakanaka, hapana chisipo kana kushomeka nezita raJesu. Uhangwe uchiwana huchi nemukaka chete gore rino nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaropafadzwa nemaropafadzo ese epamweya uye hupenyu hwangu hwakazadzikiswa. Handina chakanaka chandinoshaya chirimaererano nehupenyu hwangu, nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 46:10

Wakagadzirira here kutanga kukwikwidza pakuverengwa kwe Bhaibheri Mukati Memazuva 365?

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 1-3



Mabasa AvaApostora 9:3

Zvino wakati ari parwendo aswedera pedo neDhamaseko, kamwe-kamwe chiedza chikabva kudengachikamupenyera pamativi ose.

Zvaunoono hupenyu ndehwemasanga, anogona kuita edenga kana kuti nemadhimoni. Kana ukaita masanga nedenga unogona kunzwa Mwari vachitaura newe mbune, kana kuti mumwe munhu achitaura newe nezvenhau dzedenga kana kuona zvinhu zvemweya. Mu Apostori Pawuro ndivo mumwe wevanhu vakaita masanga nezvekudenga pavaiva murwendo rwekuenda kuDhamasiko. Vakapenyerwa nechiyedza chaivaima zvikuru, icho chakanga chisinganzwisike, izvo zvakanzera kuti vave muApostori anembiri yakakurisa zvekuti kana Petro aitokatyamadzwa

nemagwaro akanyorwa naPawuro nezvizaruro zvaave nazvo. Shoko rese rainyorwa naPawuro raikosheswa semagwaro emubhaibheri neku ti akange aita masanga nedenga.

Pauri kuverenga rugwaro rwuno nhasi, zvedenga zvauchasangana nazvo zvinogona kukonzeresa kuti ushandure marudzi akawanda evanhu, uye neraramiro inoita vekumhuri yekwako. Masanga ako nezvekudenga anogonakukonzereswa nemunhu wauchasangana naye nhasi. Shandisa mukana wese panenge paitika zvakanaka muhupenyu hwako kuti utaure mashoko ekukunda kwako kwaunenge waita muvengi. Pauri kuverega rugwaro rwuno urikutoita masanga nezvedenga, zvekuti uchaita zvinobatika muhupenyu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pandirikuverenga shoko raMwari pese ndiriku ita masanga nezvedenga izvo zvirikundibatsira zvekuti hapana chichagona kukanganisa kurarama kwangu hupenyu hwe huchi nemukaka, nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 4:12

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 4-7

**Jobho 22:28****Uchatemawo chirevo chikasimbiswa kwauri; uye chiyedza chichavhenekera nzira dzako.**

Shoko rese rinobuda mumukanwa mako rakamirira zuva raro rarinozadzikiswa. Ndosaka zvakakosha kuti ushandise mashoko ese aunotaura zvine huchenjeri. Rangarira kuti bhaibheri rinoti rurimi rwako rwunesimba rekutauru rufu kana hupenyu. Harina kutaura pamusoro pekundikana kwevarapi, asi kuti mashoko anobuda mumukanwa mako. Saka shandisa mashoko ako zvinehuchenjeri.

Paunongoti “zvinhu zvakaoma,” mashoko iwayo anobva amisikidzwa pamberi pako akamirira kuti azadzikiswe kuitira kuti zvinhu zvigokuomera. Anotomirira chete kusvikira azadzikiswa pamusoro pehupenyu

hwako. Nzira imwe chete yekupidigura nayo mashoko aya, kunge wataura mashoko akanaka pamusoro pako. Saka taura mashoko akanaka munharaunda mako, uchararama hupenyu hwako maringe nemashoko aunenge wataura.

Nhasi izuva itsva; mashoko auchataura ngaave mashoko anovaka, kwete kuparadza. Kunyangwe waomerwa zvakanyanya sei muhupenyu, enderera mberi uchingotaura mashoko akanaka. Iwe wakakomberwa naMwari vekumusorosoro, hakuna hurombo kana hurwere hunouya pedyo netende rako nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Muromo wangu ipenzura yakagadzirirwa kuti ishandiswe kunyora pamusoro pehupenyu hwangu; ndirikutaura huchi nemukaka pane zvese zvinechekuita nehupenyu hwangu. Chokwadi zvakanaka nenyasha zvichanditeverera mazuva ehupenyu hwangu hwese nezita raJesu. Mbiri.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 18:21

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 8-11



Mapisaremas 92:12-13

Akarurama achamera somuchindwe; achakura somusidhari paRebhanoni. Vakasimwa mumba maJehovha vachakura muvazhe dzaMwari wedu.

Mamiriro ekunze kunyika yeRebhanoni anogara akaipa zvikuru nekuti dzimwe nguva kunenge kuine mvura inemhepo yakanyanya iyo inopwanya nekuparadza miti nezvivakwa munyika iyi. Vakawanda vanotoshamisika kuti ko iwo muti womuchindwe unofaurwa pamusoro pezvawo nemuimbi muma Pisarema wakanyanyokosha zvakaita sei, izvo zvinoita kuti utombotaurwa nezvawo zvekufananidzwa nemusidhari wekuRebhanoni?

Kana mhopo yakawanda ikavhuvhuta, muchindwe wekuRebhanoni unongokotama, wodzokera panzvimbo yawo, usina kutyorwa nemhepo. Hazvireve kuti kukotama kwawo kuratidza hutera kwete, asi kuti unenge uchiratidza kuti unogona kuita zvese zvese zvichienderana nezvinenge zviripo panguva iyoyo. Kristu akakuita kuti uve wakarurama waMwari, uye wakarurama vanoita semuchindwe wekuRebhanoni. Kunyangwe vanhu vakataura kana kunyora zvakaipa pamusoro pako iwe unongokotama wodzokera zvakare panzvimbo kunge pasina chaitika. Hauna chinokuvhundutsa kana kukudzura kubva paunenge uri. Wakasimba uye unongofambirana naezvinenge zviripo semutchindwe wekuRebhanoni. Midzi yako yakasimba kudarika matambudziko anowanika pahupenyu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ini ndinesimba uye midzi yangu yakanyura muna Jesu Kristu. Hakuna chombo chandakagadzirirwa chinobudirira muhupenyu hwangu, ndakazvarirwa kukunda nekubudirira nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ini ndinesimba uye midzi yangu yakanyura muna Jesu Kristu. Hakuna chombo chandakagadzirirwa chinobudirira muhupenyu hwangu, ndakazvarirwa kukunda nekubudirira nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 1:3-4

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 1-5

**Mateo 11:11**

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kuna vakaberekwa navakadzi hakuna kumuka mukuru kuna Johane Mubhabhatidzi, asi muduku muhushe hwokudenga mukuru kwaari.

Shoko redu ranhasi rirkuratidza pache-na kuti vese vakange varipo Johani mubhabhatidzi asati avepo, vakange vasina hukuru sehwaakange ainhwo. Anogona kunge ari Isaya, Joshua chero upiwo zvaka waungafunge nezvake; hakuna akange aine nyasha sedza Johani. Aishanda aine chiyero chake chesimba nenyasha dza Mwari paari. Zvinoshamisa ndezvekuti Jesu akaenderera mberi achiti mudiki pama Kristu ose, anehukuru nenyasha kudari-ka zvakange zviina Johani.

Vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, Johani akaita zvinoshamisa, ko isu tinogonawo here kuita zvishamiso zvingaverengeke. Saka chibva wagara uchiziva kuti uri Jenarari wa Mwari wemhando yepamusoro, uye kuti unokwanisa kuchinja mamiriro anenge akaita zvinhu muhupenyu hwako. Taura mazwi woporofita mumhepo nemunharaunda uone zvaunenge uchida kuti zviitike zvichiitika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri Jenarari vakaberekwa nemweya wa Mwari. Ndirikutema chirevo chekuti hupenyu hwangu hunodarika chishamisao. Tsoka dzangu dzinorondwa na Mwari nezita ra Jesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 14:12

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 6-9

**Jakobho 4:7**

Naizvozvo muzviise pasi paMwari dzivisayi Dhiyabhorosi agokutizayi.

Vara rekuti wakaipa harireve zita chete asi kuti rinotsanangura basa rinoitwa nemunhu anonyangira obata nekurwisa kusvikira abudirira. Zvakagonekwa kuitwa newakaipa kuramba achingoita chete siku nesikati manomano ake kusvikira akukunda. Tinomuona achimbosiya Jesu kwechinguvana, paakambomuyedza, zvichireva kuti aizodzoka zvakare kuzomuedza. Kunyangwe Jesu akange ari Mwari panyama, muvengi akange ainehushingi hwekuenderera mberi nekumurwisa zvakangodaro.

Kana ukagara uchiverenga neku-funga pamusoro peshoko raMwari, wongwarira mashoko aunotaura, uye

nekunamatanamweya mutsvene nguve dzakawanda unenge uchitorwisa mano mano emuvengi nenzira yakasimba, uye uchawana huchi nemukaka muhupenyu hwako. Unenge wagadzirira dziviriro yakasimba kubva kumiseve yemuvengi. Wana nguva yekuverenga shoko uye nekunamata namweya mutsvene, unodzoka wave kupupura iwe. Uchararama hupenyu hwekukunda muvengi nguva dzose.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinovaka nekusimudzira kutenda kangu kuburikidza nekuverenga kwandinoita shoko raMwari uye nekunyengerera, hutano runyararo rugare ndinazvo nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Judha 1:20

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 10-13

**Genesisii 1:3**

Mwari vakati; Chiyedza ngachivepo; Chiyedza Chikavapo.

Unoona, kubvira pachitsauko chekutanga mubhaibheri chaGenesisi kusvika kuna Zvakazarurwa, kune chinhu chimwe chete chatinoona Mwari vachiita, uye uku, kutaura! Hakuna chimwe chavaiita chepanyama, asi kuburikidza nemuromo wavo chete, vakasika nyika, vakaputsa nawo midhuri, nekupidigura hupenyu hwevanhu vakawanda. Zvese zvaunoona zviri zvenyama panerino pasi ukanyatsoongorora kuti zvakauya sei, uchaona kuti Mwari vaingotaura shoko zvobva zvavepo. Ndosaka Mwari vachikoshesa chiporofita nekuti basa racho nderekutaura zvinhu zvinoitika.

Mubhuku raGenesisii apo Mwari vakaona rima, havana kugununguna kana kuchemachema pamusoro paro, kwete, asi vakataura kuti chiyeza ngachivepo zvikaita saizvozvo. Nhasi ndirikukukurudzira kuti ushandise muromo wako zvakafanira, kuburikidza nekutaura kwauchaita kune zvese zvaurikuda kuti zviitike muhupenyu hwako. Kana uchida mari, uchida basa, uchida kupihwa contracti, kukwidziridza kana kuti kuroora kana kuwana, basa rako nderekutaura kuti zvidepo, zvigovapo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndaita sarudzo yekushandisa muromo wangu zvine pundutso, uye ndichasika humambo kuburikidza nerurimi rwangu. Ndiri kutema chirevo chekurarama hupenyu hwehuchi nemukaka nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 12:36

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 14-16

**1 Timoti 1:18**

Basa iri rakarairwa, ndinokupa iro iwe Timoti mwana wangu, kuti sezvazvaka-porofitwa kare pamusoro pako, urwe pfumo rakanaka mazviri;

Kuporofita hakugumire pakutaurwa kwemashoko edenga chete asi kuti pachinoitwa panoregedzerwa zvombo zvekurwa nazvo. Tinoona MuApostora Pawuro vachikurudzira Timoti kuti ashandise zviporofita zvese zvaakange aporofitwa kuti arwe kurwa kwakanaka nazvo. Haana kumuudza kuti ashandise chizivano, dzidzo yake kana kugona kwake kuti awane zvaaida asi kuti akanzi ashandise kuporofitwa kwake. Kana pakaitwa chiporofita chinenge chakanangana newe, kuburikidzwa neshoko rinenge rataurwa kana kuti shoko rinenge rabva mubhaibheri,

kana paunosangana nemunhu waMwari, unenge watopihwa chombo chekurwa nacho. Shoko raunenge wapihwa rinenge ritori chombo chako chekurwa nacho.

Shandisa zvakasimba shoko rese rakanaka raunenge waudzwa worishandisa kuti urwise muvengi naro. Kana wakaudzwa kuti ndiwe uchadzikinura mhuri yekwenyu, muvengi anenge asisakwanise kumisa budiriro yako, nekuti unebasa rakakura rekudzikinura dzinza nemhuri yekwenyu. Saka chienderera mberi nekukunda munzvimbo dzese dzehupenyu hwako. Hakuna chichakumisa kana kukukanganisa nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mutakuri wechiporofita chirimushoko raMwari. Ari mandiri mukuru kudarika arimunyika. Handikundwe nemuvengi chero nedambudziko raanenge aunza muhu penyu hwangu. Midzi yangu yakadzika uye yakasimba nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Dhuteronomi 31:6

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 17-20

**Joere 3:10**

Pfurai mapadza enyu ive minondo, namapanga enyu okuchekerera miti ave mapfumo; asina simba ngaati "Ndine simba."

Ukada kunyatsoongorora kuti kuva nerutendo zvinoborevei, uchaona kuti kunoreva kukakavadzana nema-miriro anenge akaita zvinhu, uchiita kuti zvive sekuda kwako. Muvengi anenge aine chirongwa chake che zvaanenge achida kuti zviitike, uye basa redu nderekumudzivisa kuti asabudirire. Bhaibheri rinoti ukazvininipisa pamberi paMwari woramba kubvuma zvinenge zvichidiwa nemuvengi anopedzisira atiza.

Vhesi redu ranhasi ririkuti vatera ngavati vakasimba uye kuti vasataure

kudaro vawana simba iri kwete asi vachiine hutera hwavo. Vanenge vachiziva kuti maApostori aisarudza kukakavadzana nezvavaisangana nazvo, vasingati ndinehuta, kana kuti handisi mupfumi kana kuti ndiri kurwara, vachitaura zvaipesana nedambudziko ravo. Nhasi uno ndirikuda kuti uite gakava nezvirikukunetsa muhupenyu hwako. Kana bhanga rako risina mari iti, "Mari irikuuya mugore rino rehuchi nemuka-ka" zvichava saizvozvo. Usabvumire zvinenge zvaitwa nemuvengi kuti zvivepo, ita gakava nazvo nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekwa kubva kumatenga uye zvangu zvese ndezvedenga. Ndakropafadzwa uye simba raMwari ririkuratidzika mubhizimusi rangu, muhutano hwangu nezvese zvehupenyu hwangu nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 4:18

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 21-23

**Mateo 8:27**

Vanhu vakashamiswa vakati uyu munhu kunyi, zvaanoteererwa nemitutu ne-gungwa!

Baba vangu vepamweya, Mufundisi Chris Oyakhilome, vakabvumirana neni apo vamwe vaimbisoropodza pamusoro pemari yeminana. Vanhu vakatadza kunzwisisa kuti mari inogona kunaya iriyemunana uye irimamirioni akawanda emadhora. Kunyangwe nemubhaibheri Jesu akagadzira mari yemunana, vanhu vakawanda havatende kuti mumakore ano Mwari vachirikuita minana seyavaiita kare, yekuunza mari. Muvhesi redu ranhasi, vadzidzi havana kunzwisisa kuti Jesu akange arimunhu werudzii nekuti aiva nesimba rekutonga pamusoro pemakungwa nemitutu.

Mufundisi Chris vakati vese variku kubvunza pamusoro pemari yemunana havanzwisise makhodhi emumweya. Makhodhi emumweya aya, vakpoma vangu nehandzvadzidzangu ndiwo anoita kuti ukwanise kupinda muchoikamu chekuitika kweminana isingawanikwe nevamwe. Zvakafanana nekunyora mitambo yekombuyuta, apo panoiswa makhodi ese mumutsetse. Nhasi uchaona kuchiitika minana nezita raJesu. Shoko ranhasi rakabatananekunyengerera kwako, zvichakupinza munyika yemweya uko kune makhodhi achaunza minana pamusoro peminana muhupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakazara neshoko raMwari mandiri uye mweya wangu wakamuka zvichikonzeresa kuti ndive nesimba repamweya. Zvedenga zvichatanga kutika muhupenyu hwangu nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 2:14

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 24-28



Mabasa AvaApostora 9:3
Zvino akati ariparwendo, oswedera
pedyo neDhamaseko, kamwe-
kamwe chiyedza chakabva kudenga
chikamupenyera pamativi ose:

Mutemo unoti kana uine chaunenge uchida kuwana kana kuti chiitike muhupenyu hwako, unofanirwa kutungamidza munyengetero, kuitira kuti zviitike. Vamwe vanofunga kuti kunyengetera idambe uye kuti kungoita ruzha rwusina nebasa rese. Asi munyengetero unesimba zvekuti unokugadzirira kuti uve nehupenyu hwaunenge uchida kuona muneremangwana rako. Ananiya akange ari mumwewo wevadzidzi akange asingazivikanwe, asi minyengetero yaakaita yakazara munyika yemweya ikakonzeresa kuti Pawuro paakasvika munzvimbo yeDhamasiko arohwe nemheni. Kunyangwe Ananiya akange angoriwo mumwewo wavadzidzi,

minyengetero yaakaita yakazara munyika yemweya zvekuti yaikanganisa hurongwa hwese hwakaipa hwakange hwakanangana nekukanganisa kuitwa kwebasa ra Mwari. Saka minamoto yake yakange iine basa, rekukonzeresa zvaitika munharaunda maakange achigara.

Ita minyengetero yako nguva dzese usingamire, uye shoko rese raunotaura richazadzikiswa. Taura nezvekurarama kwako hupenyu hwehuchi nemukaka, zvekupfuma kwako, kurarama kwako kwemakore akawanda, hutano hwakanaka uye kusimudzirwa kwako, zvichazadzikiswa, nezita raJesu. Saka tumira nhume dzako kumakambani nekune dzimwe nzvimbo dzausati watanga kutonga. Kana uchikwanisa kunyengetera unenge usiri mutera. Chishandisa mukana uno kuti utumire nhume dzako, Unokunda chete.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Remangwana nderangu uye hapana chinomisa budiriro yangu. Minyengetero yangu ndakaipa basa rekuita; uye ichazadzikisa basa rese randakaituma nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Jakobho 5:17

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 29-31

**Mapisarema 119:130**

Kuzarurwa kwemashoko enyu kunopa chiyedza; kunopa njere vasina mano.

Ukaona wasvika pachinhano chekuti kusaziva kwako kwapera unenge wawana dzikinuro yakakurisa pahupenyu hwako. Kana bhaibheri richidaidza wakaipa richimuti ndishe werima, zvazvinoreva hazvisirizvo zvinofungwa nevanhu. 'Ishe' zvinoreva 'wekutanga,' uye rima zvinoreva kushaya zivo,' saka zvinoreva kufi wekutanga akashaya zivo. Wakaipa paakafunga kumukira Mwari kudenga, ndiye akatanga kuratidza kusaziva kwake.

Kune nzvimbo muhupenyu hwako dzawanga usina ruzivo rwakakwana nezvadzo; uye ndipo paibudirira napo wakaipa nemhuri yake kukurwisa

vachikukunda. Bvumira kuti shoko raMwari riunze chiyedza munzvimbo dzese dzehupenyu hwako. Nyatsoongorora nzvimbo dzese dzawaifoira. Kupinda kweshoko raMwari mauri kunounza chiyedza chinopenya uye uchashandurwa nekushanduka kunenge kuchiita pfungwa dzako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotonga mari uye ndirimukuru kuidarika. Handimbofa ndakabhuroka chero ripi zuva rehupenyu hwangu uye ndichanakirwa nehuchi nemukaka gore rino. Mari yangu ine basa rekuita. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

VaKorose 3:10

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 32-34

**Mapisarema 138:2**

Ndichanamata ndakatarira kutemberi yenyu tsvene, nokuvonga zita renyu nokuda kwohunyoro hwenyu; Nokuti makakurisa shoko renyu kupfuura zita renyu rose.

Ukashandisa shoko raMwari muhupenyu hwako unopupura chete. Hushumiri hwedu hunozivikanwa pamusoro pezvizaruro zvatinowana kubva mushoko raMwari kudarika zvimwe zvatinoita mukereke. Kunyangwe tikaporofita nekushandisa zvimwe zvipozvemweya tinoramba tichikuchidzira kuti vanhu vaverenge nekushandisa shoko raMwari, iro rine chiporofita chine simba. Vhesi redu ranhasi ririkuti Mwari vakakurisa shoko ravo kudarika zita ravo. Chokwadi ndechekuti Mwari vanotanga vaitatsvakurudzwa mushoko ravo, vasati vamboita chinhu. Ndosaka shoko raMwari riri ndiro rinoshandiswa panezvese zvinenge zvichiitika pane rinopasi

Zvese zvinobva mushoko ravo, uye kana uchiziva shoko iri zvinehudzamu, hazvikunetse kuti ugone kugadzirisa chero ripi dambudziko rinenge rakuwira. Wana nguva yekuverenga shoko raMwari, unopupura chete. Usambofa wakazvidza shoko raMwari. Rine chiporofita chinozadzikiswa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

INdinosarudza kuverenga shoko raMwari iro rine chiporofita chechokwai pamusoro pehupenyu hwangu, hutano hwangu nebhezimusi rangu. Hupenyu hwangu hunovakwa nekuubwa neshoko raMwari, uye ndinorarama hupenyu hwangu ndichitevedza kuda kwaMwari nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 55:11

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 35-37

**Ruka 16:13**

Hakuna muranda angagona kubatira vatenzi vaviri, nokuti uchavenga mumwe akada mumwe akazvidza mumwe, Hamunga batiri Mwari nePfuma.

Mubhaibheri pane chimhu chimwe chete Mwari chavakatora vakachienzanisa navo. Chinhu chimwe chete ichi ndicho chakanzi naMwari chinogona kukwikwidzana navo uye haasi wakaipa asi kufi imari. Mari ndishe; anotsvaga kutonga uye kunamatwa. Painokuona mari inoona muranda anofanirwa kutongwa nekutungamirirwa. Muvhesi redu ranhasi Mwari vanodaidza mari vachiiti nditenzi, uye varikubvumirana nazvo kufi haungabatire ivo Mwari pamwe chete nemari panguva imwe chete.

Zvinoita zvinyore chaizvo kufi ugone kushandira Mwari kana ukagona kutonga mari. Asi mari unoitonga sei? Pese paunopa mari kuna Mwari kufi iite basa ravo unenge uchiudza mari kufi kune mumwe tenzi akakosha kuidarika, ndiyo chete nzira yekutonga nayo mari. Kufi utonge mari unofanirwa kuipa kune vamwe. Hazvineyi kufi unenge urimuchikamu chipi chehushumiri usaita nhetemwa kana yavenguva yekupa mari nekufi ndiyo chete nzira yekutonga nayo mari, uye imwe mari inouya kwauri nenzira dzakasiyana.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotonga mari. Handimbofa ndakabhuroka chero ripi zuva rehupenyu hwangu. Mari yangu inebasa rekuita. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

Hagai 2:8

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 38-39

**Ruka 8:2-3**

Navamwe vakadzi vakanga vapore-swa pamweya yakaipa napamarw-ere vaiti, Mariya unonzi Magdarene, iye wakanga abuda mweya yakaipa minomwe kwaari, naJohane mukadzi waKuzo, mutariri waHerodhe, naSusa-na, navamwe vazhinji, vaishumira nezvavo.

Shoko raMwari takaripihwa pachena. Asi harisvike kuvanhu pachena. Panodiwa mari yekubhadhara nzvimbo inoungana vanhu, mari yekunyora magwaro anokurudzira vanhu kuti vanamate, kunyangwe zvazvo isu tichipa magwaro aya pachena kuvanhu – panodiwa mari yekutenga nayo michina yekushambadzira nekuparidzira shoko raMwari kumamiriyoni akawanda evanhu. Ndicho chikonzero chaka-

kura chinoita kuti Mwari vade kuti mupe mari nekuti mari iyi, imari inebasa rekuita muhushe hwaMwari, inechekuita nekuda kwavo.

Mari iri kuuya kwauri sekuporofita kwandakaita, asi rangarira kuti mari iyi haisi yekuti uishandise kuzadzikisa zvido zvako chete, ine basa rekuita muhushe hwaMwari. Imari yekuitisa nayo basa raMwari, kuti rienderere mberi. Paurikuverenga rugwaro rwuno, nyasha dzekuti uvemupfumi dzirikutounzwawo kwauri, asi gara uine ndangariro dzekuti mari iri kuuya iyi haisi yekuti uishandise wega, ndeyekuti iitiswe nayo basa raMwari zvakare. Naizvozvo sezvakaitwa nemadzimai akashumira Jesu nezvaakange ainazvo, kuburikidza nekuwana kwako, nyika dzakawanda dzichagoverwa Evhangeri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mari irikuuya kwandiri, haisi mari nje yekuti ndishandise, kwete imari inebasa rekuita. Ndirikunamata nekuporofita kuti handimbofa ndakapererwa nezvekushandisa kana mari nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 2:8

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Jobho 40-42

**2 VaKorinde 5:17**

Saka kana munu ari munaKristu wava chisikwa chitsva zvinhu zvakare zvapfuura, tarirai zvose zvava zvitsva.

Bhaibheri rinoti kuburikidza nekuten-deuka chete kwawakaita ukatambira Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako, wave chisikwa chitsva. Vara rekuti chiitsva' rinonzi kainós nechiGiriki, zvichireva chinhu chakambenge chisipo.' Wakambenge isingarame, usipo. Saka kana pakaita vanenge vachida kukuudza pamusoro pemararamiro awaimboita hupenyu hwako kukundikana kwako nehutera hwawaiva nahwo, vaudze kuti urichisikwa chitsva chakange chisipo kare. Urichisikwa chitsva chirikutotangawo kurarama penrino pasi. Hareruya!

Paurikuverenga rugwaro rwuno, zvinhu zvese zvave zvitsva. Usabvumire nyika kuti ikuyeuchidze pamusoro pehupenyu hwako hwakare kana kukundikana kwako, nekuti wave chisikwa chitsva, chisina kumborarama kare. Kukundikana nekukundwa hazvimo mauri nekuti urichisikwa chinehupenyu hwaMwari machiri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chitsva. Hakuna simba rekugehena rinogona kundimisa nezita raJesu. Mbiri ngaiende kuna Mwari.

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 3:20

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 12-15



2 Madzimambo 6:17

Zvino Erisha akanyengetera, akati Jehovha svinudzi henyu meso ake awone. Ipapo Jehovha akasvinudza meso ejaya, akaona gomo rizere namabhiza nengoro dzemoto zvakanga zvakakomba Erisha.

Nzvimbo dzinogara vanhu dzine zvikamu zvakasiyana, zvinoti dzinogara vanhu vashoma, dziripakati nepakati uye dzinogara vanhu vakawanda. Vanotambira kana kuwana mari shoma vanogara munzvimbo dzonogara vanhu vakawanda uye vanowana yakati wandei wo ndivo vanogara nzvimbo dziri pakati nepakati nedzinogara vanhu vashoma. Izvi ndizvo zvinowanikwawo munyika yemweya. Hatigare munzvimbo dzakafananana munyika iyi, uye hatsimuchikamu chakaenza-

na. Izvi zvinokonzereswa nekuti mumwe yeminana yafinosangana nayo muhushumiri hwedu, inoita kunge mashura nezviratidzo kune dzimwe nzvimbo.

Muranda waMwari Erisha akange ari panzvimbo yakasiyana nemunhu waMwari waaifamba naye. Munhu uyu paaiona kuti vakange vavekuurayiwa, munhu waMwari Erisha aiona kuchengetedzwa kwehupenyu nekurwirwa. Paurikuverenga rugwaro rwuno, zvipire pakunamata, zvinoita kuti usimukire panzvimbo yawakagara munyika yemweya. Chiyedza chirikupinda mauri izvezvi paurikunyengetera. Urikubviswa pane chimwe chiyo chekubwinya, kubva pahupenyu hwakazvidzika uchinorarama hupenyu hwehuchinemukaka nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinechiyedza chaMwari mandiri. Arimandiri mukuru kudarika aripanyika. Ndichakunda panezvese zvandirikuita nesimba raMweya Mutsvene.

MAVHESI EKUVERENGA

MaHebheru 12:22

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 16-18

**Johani 1:12**

Asi vose vakamugamuchira wakavapa simba kuti vave vanavaMwari. Iva vo vanofenda kuzita rake:

Kune kakusanzwisisa kari mukati me-maKristu akawanda kekuti maKristu ese vatendi. Asi chokwadi ndechekuti shoko redu ranhasi ririkutiudza kuti hatisi vatendi kwete asi kuti tiri zvisikwa zvekutenda kwedu. Kuneavo vakatenda muna Mwari, Mwari akavapa simba rekunzi vana vaMwari. Kutenda chikamu chekuva mwana waMwari. Takatodarika kare chikamu ichi chekutenda nekuti tiri vana vaMwari.

VanavaMwari vanoziwa kodzero dzavo, nezvikanisiro zvavanofanira kuwana kubva kuna baba vavo. Sakai we hausisiri mutendi chete, asi waMwari abve zera, uye anezvese zvikwanisiro zvakanaka zviinanshe Jesu Kristu. Rugare, hutano hwedenga nebudiriro ndezvako zvese. Unesimba rakawanda mauri rinokonzeresa kushanduka kwemamiriro ezvinhu muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mwana waMwari abve zera uye zvinhu zvakanaka ndezvangu nemhuri yangu. Ndirikurarama hupenyu hwekukunda nhasi nemazuva arikutevera nezita raJesu. Amen.

MAVHESI EKVVERENGA

VaRoma 8:15-17

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 19-21



2 VaKorinde 5:20

Naizvozvo tit inhume nokuda kwaKristu Mwari saanenge achikumbira zvikuru nesu tinokumbira nokuda kwaKristu, tichiti, Yananiswai naMwari.

Kune nyika dzinonzi dzinesimba kudari-ka dzimwe dzese kuburikidza nehupfumi hwadziinadzo uye nesimba rinemauto adzo. Unowana nyika diki dzakawanda dzichishuvira kuita hoche koche nekuita zvibvumirano nenyika dzakakura idzi, kuitira kuti dzichengetedzwe panguva yadzinenge dzave kuda rubatsiro. Bhaibheri rinoti tiri vamiriri vaKristu pane rinopasi, zvichireva kuti, chouviri chedu hatichiwane kubva panerino pasi, asi kuti chinobva ku- neimwe nyika yepamusoro, inova nyika yeZiyoni. Vamwe pavanenge vachidonha isu tinenge tichiti tasimudzirwa.

Tiri vagari venzvimbo yeZiyoni, kwete venyika ino, uye munyika yeZiyoni hapana chatinoshaya. Haumbofa wakashaya zvakanaka zvaunoda pane rinopasi kuti urarame hupenyu hwakanaka nemuhupenyu huri-kutevera. Mwari, vanova ndivobaba vake, ndiye muridzi wemombe dziri pazviuru zvepakompo. Vachaenderera mberi vachikuwanisa zvese zvaunoda kuburikidza nehupfumi hwavo hunekubwinya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mugari wenyika yeZiyoni; ndinowana zvikwanisiro zvan- gu kubva kudenga. Ndiri zvakanzwi naMwari ndiri, uye ndi- nokwanisa kuita zvakanzwi ndinoita naMwari. Ndinerupawo rwekupfuma pandiri, uye ndirikubudirira gore rino nemamwe makore anotevera.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:19

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 22-24

**Mapisarema 119:130**

Kuzarurwa kwamashoko enyu kunopa chiyedza, kunopa njere vasina mano.

Ndinonzwa mamwe maKristu achiimba achiti "aka kamwenje kangu rega kapfute," zvinoita sekunge mwenje waMwari urimauri, kanhu kadiki diki zvekuti kana Satani kana matambudziko akakafuridza kanobva kangodzima. Hakuna chinhu chidiki maererano nechiyedza chaMwari chiri mauri. Bhaibheri rinoti kupinda kweshokoraMwari mauri, kunopa chiyedza kwauri. Chiyedza chinonzi PHOTIZO pachiGiriki, zvichireva chiyedza chinobatidza nhandare inotambirwa nhabvu. Unozivaka kupenya kunoita magetsi emunhandare yenhavvu. Anobaka zvekuti unogona kuona svosve richifamba kunyangwe pari pakati pehusiku. Chiyedza chinopenyesya zvekuona chero chinhu chidikidiki chaungafunge pamusoro pachu.

Unechiyedza chaMwari chirikupenya mauri kuburikidza neshoko raMwari ririmauri, zvekuti rima harikwanise kumisikidzana nechiyedza ichochi. Unemagetsi anobatidza nhandare yenhavvu mauri, uye shandisa chiyedza ichi chipenyere bhizimusi rako, mhuri yako, hutano hwako dzidzo yeko nezvese zvehupenyu hwako!

Unechiyedza chaMwari chirikupenya mauri kuburikidza neshoko raMwari ririmauri, zvekuti rima harikwanise kumisikidzana nechiyedza ichochi. Unemagetsi anobatidza nhandare yenhavvu mauri, uye shandisa chiyedza ichi chipenyere bhizimusi rako, mhuri yako, hutano hwako dzidzo yeko nezvese zvehupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine mwenje waMwari mandiri uye ndiri kupenya. Hakuna chinondimisa kana kukanganisa budiro yangu nezita guru raJesu. Mbiri.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 5:14

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 25-26

**Mateo 5:14**

Imi muri chiyedza chenyika. Guta rakavakwa pagomo haringavanzike.

Nyika yavenezira yekukufananidza nevamwe, zvekuti unopedzisira wangove munhuwo zvake akangofanana neruzhinji rwevanhu. Inoda kuti usave munhu akasanangurika kana kusiyana nevamwe. Unogona kunge wakadzidza ukaita madhigiri kuUnivesithi asi unoona kuti munenge makawanda zvekuva kana zviuru zviviri vanenge vakadzidza zvakananana. Tsvakurudzo yakaitwa inoratidza kuti paunenge uine dhigiri, kune mumwewo munhu anenge aine dhigiri rakafanana nerako. Unenge wakaenzana uye kufanana nemunhu wawakavakidzana naye. Saka chiiko chinogona kukusiyanisa nevamwe vanhu? Mhinduro

ndiJesu, vakoma vanhu nehandzvadzi dzangu.

Ipa hupenyu hwako nenguva yako kunaJesu pachake. Ndiye anokuunzira chiyedza chisina anogona kuviga. Uri chiyedza chenyika. Kunyanzwe pakavanerima, makwikwi kana kutsoropodzwa, unoenderera mberi uchipenya nezita raJesu. Rangarira kutirino igore rehuchi nemukaka! Chiporofita ichi ngachigare chirimupfungwa dzako uve akasiyana neruzhinji!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chiyedza chenyika uye ndichaenderera mberi ndichipenya. Hakuna chinopokana neni chinogona kundivharidzira kupenya kwangu nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 4:4

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 27-29

**Ekisodho 9:26**

Asi munyika yeGosheni bedzi imo makanga muna vana valsraeri ndipo pakanga pasina chimvura mabwe.

Vana valsraeri pavakange varimuljipiti vakagariswa munzvimbo yavo yainzi Gosheni. Yakanga irinzvimbo yanga yakasangurwa naMwari zvekuti pakaitika rima muljipiti, kwakange kuine chiyedza munyika yeGosheni. Matambudziko akawira vanhu vemuljipiti haana kusvika kuGosheni, nekuti Mwari akachengetedza vana vake kubva kumatenda zvirwere nematambudziko zvakawira vanhu vemuljipiti.

Hunhu hwaMwari kuchengetedza nekurwira vake. Magariro anoita vanhu munyika ino haambofa akakudzvanyirira kana kukumisa nekuti uri-

waMwari zvichureva kufi unogara muGosheni. Kana nyika yasangana nedambudziko ezvehupfumi, ramba kuva nechekuita nazvo nekuti unowana chouviri chakomkubva kudenga. Imba yako iGosheni itsva uye uchaenderera mberi uchiona hukuru hweruoko rwaMwari pamusoro pepupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaita semuti wakadyarwa pedyo nehova dzemvura. Handimbofa ndakapererwa nekuti nyasha dzaMwari dzakandikwanira ini nemhuri yangu. Mukaka nehuchi ndazvengu, mbiri-kuna Mwari.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 1:3

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisii 30-31

**VaEfesu 5:30**

Nekuti tiri nhengo dzemuviri wake, nyama yake nemapfupa ake.

Vhesi redu ranhasi ririkuti tiri “nhengo dzemuviri wake,” zvichireva kuti tiri nhengo dzemuviri waJesu Kristu. Saka tichifanirwa kuita hochekeche, tibati-rane se “muviri waKristu.”

Ndosaka uchiona kuti Sauro paakarwisa kereke, Mwari vakatozviona sekunge akange arwisa ivo pachavo. Zvakaita sokuti Mwari kwete nhengo dzekereke ndivo vairwiswa Sauro.

Pese panenge Mwari vavekuda kuita chimwe chinhu panerino pasi vanoshandisa iwe. Vanofamba, nekutaura kuburikidza newe. Pane chese chaunobata hausiriwe unenge uchichibata asi kuti ndiMwari vanenge vachibata. Kana uchinge warambirwa dhiri, watadza kuwana basa kana visa, hausiriwe unenge warambirwa asi kuti ndiMwari vanenge vanzarwo asi Mwari havarambidzwe chinhu. Ndivo muridzi wezvese uye havana muganhu wavanoisirwa. Tora simba rechikuriri pamusoro pezvaunoona panyika nekuti urichisikwa chakasanangurwa.

chibata asi kuti ndiMwari vanenge vachibata. Kana uchinge warambirwa dhiri, watadza kuwana basa kana visa, hausiriwe unenge warambirwa asi kuti ndiMwari vanenge vanzarwo asi Mwari havarambidzwe chinhu. Ndivo muridzi wezvese uye havana muganhu wavanoisirwa. Tora simba rechikuriri pamusoro pezvaunoona panyika nekuti urichisikwa chakasanangurwa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nhengo yemuviri waJesu Kristu. Jesu arikufamba panerinopasi kuburikidza neni. Ndichakunda nekuti ndinesimba nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 2:5

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisii 32-34

**Mako 16:15**

Akati kwavari; Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri.

Mambo kana achishanyira nzvimbo, asati asvika anechikwata chaano-fanotuma kuti chinosaursa nzvimbo iyi nekuona kuti zvese zvagadzirirwa kusvika kwamambo. Chikwata ichi ndicho chinoratidza kuti chokwadi mambo avekuzouya. Mwari vakatuma iwe neni kuti tiparidzire evhangeri kuchisikwa chese, iye asati asvika, nekuti tisu nhen-go dzechikwata chenhume dzake. Tirikushambadzira kuuya kwaMambo wemadzimambo kuzvisikwa zvese.

Rangarira kuti nhume idzi dzinenge dzakapakata, dziine hunyanzvi nehu-chenjeri hwekuita basa radzo. Mwari varikukupa simba rekuita basa ravo,

kuburikidza neshoko nezvimwe zvikwanisiro izvo zvichaita kuti ukwanise kuita basa ravo. Unogona kunge usingaparidze uri pamberi pevanhu asi pane chese chaunenge uchiita unenge uchiita basa raMwari raka-kosha iri. Wakazodzwa uye wakashongedzwa kuti ufanoenda mberi senhume irikushambadza kuuya zvakare kwaMambo wemadzi mambo. Urinhume yaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirinhume yaMwari. Zodzo raMwari riripandiri nderekuti ndiparidzire nhau dzakanaka kuzvisikwa zvese nezita raJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:20

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisii 35-37



Mabasa AvaApostora 19:15

Mweya wakaipa ukapindura ukati kwavari, Jesu ndinomuziva naPauro koi mi ndimi vana aniko?

Kana ukafunga pamusoro pezvirimunyika yemweya unoonei? Nyika yemweya inyika chaiyo. Haisimhepo chete sekufunga kunoita vamwe. Inzvimbo inehupenyu uye inezvinhu zvinobatika nekuitika kwezvinhu. Inyika yechokwadi kudarika zvinoitika pane rino pasi. Ukakwanisa kubata uye kugona kukonzera munyika yemweya unenge wave kukwanisa kuita zvaunoda pane rino pasi, nekuti zvemweya ndizvo zvinokonzera kuitika kwezvinhu panyama. Nemamwe mazwi zvatinoona panerino pasi zvinotangira kuitika kunyika yemweya.

Madhimoni aiziva Jesu naPauro. Vanakomana vaSceva vakange vasingazivikanwe uye vasina simba munyika yemweya zvekuti kana madhimoni akange asingavazive. Vakange vari vanhu vasina mature vairaramawo zvavo pane rinopasi. Baba vevakomana ava akange arimutungamiri wesangano, asi hazvina kuvabatsira. Saka zvemweya hazvineyi nekuti unehukama nani kana hochekeche naani, zvine chekuita newe nehukama hwako naMwari. Ita sarudzo nhasi yekuvanembiri munyika yemweya, kuburikidza neshoko raMwari nekunyengereta.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Shoko raMwari ririkufashukira muhupenyu hwangu. Ndirimhita munyika yemweya. Hupenyu hwandinorarama ndehwekukunda nekubudirira nezita raJesu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Mako 16:18

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 38-40

**Genesisi 1:3**

Mwari vakati ngakuve nechiyedza: chiyedza chikavapo.

Sonoluminescence ruzivo rwezvinoitika muphysics rwunoburitsa pache-na kuti kurirakwechinhu kunogadzira chiyedza. Uhu ndihohunyanzvi hwakashandiswa naMwari pavaitaura, vakaburitsa mazwi ayo akasika chiyedza. Mwari pavakakusika nemufananidzo wavo vakupa kugona kwavo nekuita kwavo kunoita kuti kutaura kwako kugadzire chiyedza. Nzwisisa kuti kana ukataura unobuditsa izwi kubva mukati mako, iro rine zvarinoita kunze. Ndizvo zvinoitika munyika yemweya.

Bhaibheri rinoti, “Kupinda kweshoko renyu mandiri kunounza chiyedza!” Saka kana uchida kuburitsa chiyedza

mauri, chiyedza ichi chinofanira kutanga chapindawo mauri. Vhesi redu ranhasi ririkutiudza kuti kupinda kweshoko raMwari mukati mako. Munyika yemweya mashoko anoenzaniswa nechiyedza. Patinotaura tinobuditsa chiyedza. Saka huwandu hwechiyedza mukati mako hunoita kuti ubudites chiyedza paunenge wave kutaura. Vaka mazwi echiyedza chinofanirwa kubuda mauri kuburikidza nekuverenga kwako shokora Mwari. Pauchataura izvezvi, taura uine ruzivo rwekuti urikushandura zvese zviri maererano nehupenyu hwako zvichiva nemukaka nehuchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Chiyedza changu chirikuwedzera uye kuburikidza nesimba re-chiyedza chiri mandiri ndirikuchiisa pahufano hwangu, kumara dzangu, kumhuri yangu, uye ndirikushandura zvese zvanga zvisina kumira zvakanaka muhupenyu hwangu!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 119:130

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 41-42

**2 VaKorinde 5:14**

Nokuti rudo rwaKristu rwunofimanikidza; zvatinoziva chinhu ichi kuti mumwe wakafira vose zvino vose vakafa:

Pane mafungiro anoitwa nepfambi andinofunga kuti maKristu anofanirwa kuti atevedzere. Ndirikuita sekunge ndarasa njere kana ndichidaro asi, mira nditsanangure zvandirikureva. Wakamboona here kuti pfambi kana kuti bhishu inonyatsozvifugura zvekuti wese anenge achida kutenga anonyatsoziva zvaanenge achitenga? Inodaro nekuti inenge ichiziva kukosha kwezvainenge ichitengesa kumutengi, uye inenge ichiziva kuti ndiyo inesimba rekutengesa zvainenge iinazvo. Kana ichitaura haitenderere, inotaura iine chinangwa chekutengesa muviri wayo nemo nemo. Kunyangwe mamiriro

ekunze asina kunaka, kuchinaya kana kutonhora unoiwana ichitengesa chete, hapana chekumirira. Uye kana ikaona kuti painenge iri hapasi kuunza vatengi inochinja nzvimbo, yotsvaga pari nani.

Nzwisisa kuti kana mudziyo unenge uchitengeswa naMwari ari Jesu, muKristu wese akasarudzwa naMwari kuti ave mutengesesi wake. Saka semuKristu usavanze mudziyo waunenge wanzi utengese naMwari. Paunofamba famba ita kuti bhaibheri rako rioneke uinano, usarivige. Dada naro woriisa pachena. Pese paunotaura, ita kuti hurukuro dzako dzive dzekutengesa Jesu. Iva nepfungwa dzekuti kunyangwe zviite sei, pane zvese zvaunenge uchiita uchange uchitengeswa Jesu nguva dzese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikushambadzira mudziyo wakakosha pasi rese! Ndirikutungamirira pakutengesa mudziyo uyu unonzi Jesu uye handisikuzodzoka shure nezita raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 3:2

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 43-45

**Zvirevo 3:9**

Kudza Jehovha nezvaunazvo. Uye nezvitsva zvazvose zvawakawana.

Kugonakuronga nekushandisa pfuma zvinoreva matanho anotorwa nemunhu ekushandisa nekuchengetedza nawo pfuma yake, kuitira kuti abudirire munyaya dzezvemari. Nyika ine nzira yayo inotevedzerwa inoita kuti pfuma ichengeteke uye kuti iwande. Asi isu hafisi venyika ino. Mwari vakatipa nzira yedu yatinoanira kutevedzera kuitira kuti tichengetedze nekuwedzera pfuma yedu. Nyika inokurudzira kuti mari ichengetwe kuti igowanda, asi nzira yaMwari yekuwedzera nayo pfuma inoti unofanirwa kuti upe.

Kupa chegumi inzira yaMwari yavakakupa, inounza simba rekupfuma.

Ukashandisa nzira iyi unoona wavekukwanisa kushandisa zvakanaka uye kuwedzera pfuma yako, usingatevedzere nzira yemunyika. Wakapihwa simba rekusarudza mapiro ako echegumi maringe nezvaunenge uchida kuwana kubva kunaMwari kana kuti vakuitire, saka iva nechinangwa chekupa chegumi chako wakanangana nepfuma yauri kuda kuwana kubva kuna Mwari izvezvi. Usabvumire mamiriro anenge akaita mari irikubhanga rako kuti ikusarudzire mapiro ako. Iwe ipa wakanangana negoho raurikuda kuwana kubva kuna Mwari, ugoona minana ichiitika kumara dzako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuendesa mari yangu kunyika yemweya kusina chipfukuto chinogona kuibata. Ndakazodzerwa kugona kushandisa pfuma. Mari yangu yakachengetedzwa uye mari irikuuya kwandiri wemukaka nehuchi nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 3:9-10

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 46-47

**Zvakazarurwa 1:16**

Muruoko rwake rworudyi wakanga akabata nyeredzi nomwe; mumuromo make mukabuda munondo unopinza unocheka kwose; chiso chake chaiva sezuva rinopenya nesimba raro.

Kune maKristu avenekudyidzana nedenga uye akachengetedzwa zvaka-simva nedenga zvekuti akataura chinhu chinobva chaifika. Kodzero iyi haisi yemaKristu mashoma kwete. Newewo unokwanisa kuzvigona kuburikidza nekunyengerera. Zvakavanzika pamusoro pekugona kubidzirira semuKristu, muromo wako. Muromo wako haushandiswe kudya chete. MaGiriki anotsanangura muromo nevara rinonzi, iro rinoreva banga raunoshandisa kucheka cheka naro chinhu choita tudimbu tudimbu. Ukanzwisisa zvanataura unobva watoona njodzi ine minyengetero yaunoita.

Kunyengerera kushandisa chombo chinemabara anoparadza hurombo, hurwere nekukundikana. Paunenge uchinyengerera shandisa pfungwa dzako, dzione chombo chaunenge uchishandisa uye nemabara aunenge uchiregedzera. Paurikunyengerera kuna Baba vekudenga nezita raJesu zvione uchibaya hurwere, kukundikana, kurambana, uchibaya zvakare hurombo! Shandisa stoma – muromo wako – cheka cheka zvese zvirikukutambudza izvo zvirikuda kukanganisa budiriro yako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vanoti ndirimupfumi; saka handimbofa kusvikira ndatora mukaka nehuchi zvangu! Hakuna hurwere huchandibvisa kubva parugare rwangu. Hapana chichakanganisa runyararo rwangu, wanano yangu kana hukama hwangu nevandakapihwa naMwari kuti ndiite hochekeche navo, nezita guru raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Timoti 1:18

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Genesisi 48-50

**2 VaKorinde 6:14**

Musasungwe zvisina kufanira pajoko rimwe chete nevasingatendi, nokuti kururama kungava noukama hweiko nokusarurama?

Kuva muKristu zvinoreva kubvisa zvese zvinechekuita nemadhimoni muhupenyu hwako, kuchisara zvine chekuita nehutsvene, naMwari chete. Chiyedza chirimauri chinoyerwa nerima rinenge rabuda kubva munharaunda mako. Ndosaka muna Johani 14:30 Jesu achitaura akazvitemba achiti wakaipa “haana chake chiri mandiri. [Zvichireva kuti haana hukama neni uye handina zvake zvandiinazvo; handina changu chaainacho, uye haana simba pamusoro pangu.]” Jesu aikwanisa sei kutaura mashoko aya? Nekuti akange abudirira pakuparadza zvese zvine

chekuita nemadhimoni.

Ndosaka zvakanakosha kuti ungarire vaunoita shamwari dzako. Ndiyo yambiro yatinopihwa nguva dzese nebhaibheri. Vamwe vanhu vanouya muhupenyu hwako kuzokuongorora nekukanganisa budiriro yako. Ndivo vanounza rima rinodaidza mweya yakaipa muhupenyu hwako. Ita sarudzo yekurarama hupenyu hwakagadzirwa newe. Zviudze kuti handina chainhu chandinoita chisina Mwari machiri uye chisingarumbidze zita raMwari, uye chisinga simudzire hushumiri hwangu kana Mwari. Sarudza kuzvisudurudza kubva kune vanhu vanoshumira rima rawasarudza kuzvibvisa kubva kwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndasarudza kurarama hupenyu hwandinogadzira ini husinei nechekuita nerima. Ndirikutema chirevo chekuti ndiri kubvisa zvese zvinechekuita nerima kubva muhupenyu hwangu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 15:33

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 1-3

**VaHebheru 11:3**

Nokutenda tinonzwisisa kuti nyika dzakanyatsorongedzwa neizwi raMwari, naizvozvo zvinoonekwa hazvina kuitwa nezvinhu zvinoonekwa.

Maziso edu haakwanise kuona mamorekuru ehydrogen ne oxygen, asi pazvinosangana zvinogadzira mvura inoonekwa nemaziso. Mwari vanoshandisa zvisingaonekwi nemaziso zvinenge zvichidavira nekuzadzikisa shoko ravo kuti kuumbwe zvinozoonekwa nemaziso edu, zvavekugadzirisa hupenyu hwedu.

Vakaita zvimwechetezvo munyika yemweya. Majini edu epamweya anesimba rekusika hupenyu hwatinoda kurarama tiri, kuburikidza nemafungiro atinoita uye nemashoko atinotaura, izvo zvinova zvinhu zvatakapihwa

naMwari kuti tishandise pakugadzira zvatinoda.

Takakomberedzwa nemamorekuru emweya, ayo akagadzirirwa kuita zvatinenge tafunga nekutaura, kana kuti, rega nditi, kutenda kwedu kunounza minana nezvishamiso. Sezvo nyika yemweya irindiyo inokonzeresa kuitika kwezvinhu pane rino pasi, munana wako unenge uchitogadzirwa uchiuya kwauri. Pandinoti, mari irikuuya, kutaura chete kwandinenge ndichiita kunokonzeresa kusikwa kwenzira yekuti mari iuye, isvike kwauri, ndeyako nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine simba rekusika ririmo mumukanwa mangu. Ndinokonzeresa kugadzirwa kweminana yangu kuburikidza nekutaura kwandinenge ndichiita. Ndinofamba muhutongi hwedenga nezita raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 33:6

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 4-6

**Ruka 10:19**

Tarirai ndakakupai simba rokutsika pamusoro pesimba renyoka nezvinyavada nesimba rose remuvengi, hakuna chinhu chingatongokukuvadzai.

Vhesi redu ranhasi rinotaura kuti Mwari vakapa vana vavo vese simba pamusoro pesimba rese remuvengi, kwete kuti vakapa simba iri kune vamwe kwete asi kuti VESE! Zvinoreva kuti semuKristu une simba rekutautau hupenyu kune chese chakafa wounza hupenyu kwachiri. Havzineyi kuti mamiriro ezvinhu anenge aipa zvakanyanya sei. Hunogona kunge huri hurombo hwakanyanya kana hurwere – Wakapihwa simba rekukunda. Zvakakosha kuti iwe semwana waMwari upote uchishandisa simba rawakapihwa iri pawakatambira Ishe Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako, ses-

imba rechikuriri pamusoro pezvese zvinoda kukutambudza.

Tikaverenga bhaibheri tinoona kakawanda magamba edu ekutenda achiratidza simba rawo nehutongi hwawo. Semucherechedzo, muApostora Pawuro vanoti muna 2 VaKorinde 10:4, 'Nekoti zvombo zvatinoshandisa hazvisi zvenyama asi zvinesimba pamberi paMwari.' Zvisineyi nekushungurudzwa kwaakange aitwa apo ainyora rugwaro urwu rwebhaibheri, Pawuro akaenderera mberi achiziva hutongi hwaakange ainhwo muna Mwari! Zvisineyi nematambudziko nekushungurudzwa kwaunogona kuitwa muhupenyu, sarudza kugara hupenyu hwako uine ruzivo rwekuti Mwari akakupa simba pamusoro pewakaipa!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndaita sarudzo nhasi yekugara ndichiziva hutongi hwangu muna Kristu. Ndakapihwa simba rekukunda chero ripi dambudziko randingasangana naro. Ndinokunda chete nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 4:4

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 7-9

**Jakobho 2:26**

Nokuti somuviri usina mweya wakafa, saizvozvo kutenda kusina mabasa kwakafawo.

Basa redu semaKristu nderekushandisa shoko raMwari! MaKristu akawanda anokoshesa kuenda kukereke nekuita zvirongwa zvekereke nguvadzese asi hupenyu hwao husinga shanduke! Vamwe vanogona kuti imhosva yemuparidzi, asi chokwadi chinenge chiripo ndechekuti inenge iri mhosva yevatendi! Vamwe vanozvikanganisira apo pavanoti vanzwa izwi raparidzwa vorega kurishandisa kuti rivabatsire muhupenyu hwavo. Bhaibheri rinotsoropodza kunzwa shoko raMwari pasi na zviito, parinoti muna Jakobho 1:22, 'Ivai vaiti veshoko kwete vanzwi varo chete, muchizvifurira.' Izvi zvinotiratidza

kuti avo vanonzwa shoko chete vasingarishandise vanenge vachizvi-nyepera!

Dzadzira kushandisa shoko raMwari nguva dzese uye pane zvese zvine chekuita nehupenyu hwako. Shoko redu rekurarama naro gore rino rinonzi hupenyu hwemukaka nehuchi, saka ramba kuita sevaya vanonzwa shoko iri chete, asi vasingarishandise pararamo yavo. Bhaibheri rinoti shoko raMwari chombo chatinofanirwa kushandisa pakuita mabasa akanaka. Paunotanga kushandisa shoko, unoono wave kukura munzvimbo dzakasiyana dzehupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri muKristu anoita zvinobatika, handisi munzwi chete weshoko asi ndinoita zvarinenge rataura. Pese pandinonzwa shoko raMwari ndinenge ndichishongedzwa kuti ndiite mabasa akanaka nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Peter 1:13

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 10-12



Mateo 6:27

Ndianiko kwamuri angawedzera kubitii* rimwe pahurefu hwake nokufunganya?

Tave kurarama munyika yavepedyo nekuguma kwayo apo tirikusanganidzana nenhau dzinotyisa pamasaisai anobuditsa nhau, zvirinyore kukanganiswa nemashoko anenge achibuditswa nguva dzese aya. Zvisineyi nemamiriro akaita zvinhu, bhaibheri rinoti kufunganya hakuna chakunounza muhupenyu hwako! Zviudze semuKristu kuti haumbofa wakatambisa nguva yako nekufunganya.

Bhaibheri rinoti Mwari vanopa kunyangwe kushiri dzedenga; koi we, mwana waMwari! Ramba kutongwa nekutya muhupenyu hwako. Shoko raMwari rinoti siya remangwana riz-

vinetse pamusoro pezvichaitika kwari. Zvinoreva kuti zuve rega rega ndiro rakapihwa basa rekufunganya kwete iwe! Tinoziva tese sevana vaMwari kuti Mwari vakatibvisira mutoro wekufunganya, uye vese vakaremerwa vakapihwa zororo naBaba vedu vekudenga!

Mwari vanopa runyararo kumwana wavo wese. Kufunganya ngachive chinhu chisineyi nehupenyu hwedu! Ramba kufunganya pamusoro pebhizimusi rako, mubasa rako kana mumhuri yako. Ramba kufunganya hupenyu hwako huratidze kunaka kwaMwari!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorarama hupenyu huzere nezvese. Mari ichatsikirirarina ichipinda pamagonhi ebhizimusi rangu! Handifunganye pamusoro pechinhu. Ndinorarama hupenyu hwangu pasina chinondinetsa, hupenyu hwemukaka nehuchi, nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 5:7

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 13-15

**Mapisarema 16:11**

Munondiratidza nzira youpenyu; Mufaro wakazara uri pamberi pangu, Paruko rwenyu rworudyi panezvinofadza nokusingaperi.

Kufara kunounzwa nezvinenge zvaitika muhupenyu, asi mufaro isarudzo inoitwa nemwana wese waMwari. Ongorora kuti ndati 'isarudzo', kwete zvaunenge uchinzwa'. Bhaibheri rinoti udza kuti pamberera nguva dzose paunosangana nematambudziko. Zvinoreva kuti rufaro rwako harukonzerswa nezvinenge zvichiitika kwauri zsi kuti isarudzo yaunoita.

Kune rimwe vhesi rinemukurumbira rinotaurwa nevaparidzi uye nevaten-di rinoti, 'Fara munaShe nguva dzese' (VaFiripi 4:4). MaKristu akawanda haazive zvakange zvairika zvakakon-

zera kuti vhesi iri rinyorwe. Pauro ndiye akanyora mashoko aya kukereke yeku Firipi, iye ari mujeri! Zvisinei nekuomerwa kwakange akaitwa panguva iyi, Pauro akaita sarudzo yekupemberera zvakadaro.

Mwari vakapa vana vavo chombo cherufaro. Bhaibheri rinoti mufaro mushonga wakanaka, uye mweya wapakutsika unoomesa mapfupa. Zvinoreva kuti panezvinokanganisika muhupenyu kana tikasava nemufaro nguva dzese. Ita sarudzo yekuvhiringidza muvengi kuburikidza nekufara kwako, zvisinei nematambudziko auinawo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuva nemufaro ndicho chombo chandinoshandisa pakuvhiringidza vavengi vangu. Ndinosarudza kuanemufaro nguva dzese zvisinei nezvirikuitika munharaunda mangu nhasi, nezita guru raJesu! Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 16:24

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 16-18

**VaHebheru 6:10**

Nokuti Mwari haazati uri usakarurama ungakanganwa basa renyu rorudo rwamakaratidza nokuda kwezita rake, zvamaka shumira vatsvene, muchi-vashumira zvino.

Mwari havakanganwe basa rese raunenge wakavaitira muhupenyu hwako, kungave kugadzira zvigaro kuitira nguva yerushando, ungame urimuimbi mukwaya kana muparidzi mukereke yako, Mwari havakanganwe chipo cherudo ichi chaunenge wavapa! Jesu anoona basa rese raunoita reku-simudzira basa raMwari, uye uchapi-hwa muripo wako.

Hazvikushamisewo here kuti Mwari havakanganwe zvese zvawakaitira hushe hwavo? Bhaibheri rinotiudza kuti vese zvese zvichatevera avo vanotsvaga hushe hwaMwari nekururama kwavo.

Kutendeuka chipo chatakapihwa pachena, chisineyi nemabasa ako, Jesu ane zvipo zvakanangurika zvaanopa avo vanoita kuti hushe hwake huenderere mberi.

Avo vanopa mari kuti vhangeri rienderere mberi vanopihwawo muripo wavo. Bhaibheri rinotiudza kuti kune avo vachapa muchihwande, Mwari achavapa muripo wavo pajekerere, paruzhinji! Paurikuenderera mberi uchiita basa rawakadaidzirwa naMwari, ziva kuti kuzvipira kwako nekutendeka kwako pakuita zvinhu zvaMwari, Mwari varikuzviona uye uchapihwa muripo wemukaka nehuchi, zvinoenderana nemabasa ako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri nhengo yeuto muhushe hwaMwari. Mwari vanezvipo zvavachandipa semuripo wekuzvipira kwandakaita kuE-vhangeri ravo. Mabasa angu arikuonekwa naMwari uye vachandipa muripo wangu pazere vanhu panezvese zvandakavaitira muchivande nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 3:13-14

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 19-21

**VaHebheru 13:2**

Musakanganwe kuitira vaeni rudo, no-kuti vachidaro vamwe vakagarisa vatumwa mumba vasingazvivi.

Pakurarama kwatinoita mazuva ese tinogona kunge fichiwadzana nevatumwa asi tisinga zvizive. Saka zvakakosha kuti isu sevana vaMwari tive nehunhu hwakasiyana nehwevana vepanyika.

Bhaibheri rinoti muna 1 Petro 1:15, 'Asi saiye mutsvene wakakudanai nemiwo mumene muve vatsvene pamufambiro wenyu wese.' Vhesi iri rinotiudza pamusoro pemagariro atinofanira kuita nguva dzose, nematauriro atinofanira kuita nguva dzese. Pauri nhasi, kungave kuchikoro kuUniversity kana kubasa, zvibate uvenetsika dzehumwari, nekuti hauzive wauchasangana naye kana wauinaye!

Kwese kwatinoenda tinofanirwa kuita mucherechedzo wakanaka. Hatiitire vasiri maKristu asi maKristuwo, Tinofanira kuratidza hunhu hwakanaka mukutaura kwedu, mukuita mabasa akanaka mukutaura kwedu, mumweya yedu nemukutenda kwedu. Usabvumira zvaunonzwa kana mamiriro anenge akaita zvinhu kuti zvishandure hunhu hwako, iva mufananidzo wakanaka kune vamwe vako, uve chiyedza chemunharaunda yaunogara!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mwana waMwari; ndinozvibata zvakanaka uye ndinoratidza hunhu hwakanaka kwese kwandinenge ndiri. Ndinorama hupenyu hwakananganurika hwakasiyana nezvinoitwa munyika ino. Gore rino ndichaita mucherechedzo wakanaka kune vamwe vangu nezita guru raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 2:6

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 22-24

**VaHebheru 2:8**

Mukaisa zvinhu zvose pasi petsoka dzake. Nokuti pakuisa kwake zvinhu zvose pasi pake haana kusiya chinhu chimwe chisina kuiswa pasi pake. Asi zvino tigere kuona kuti zvinhu zvose zvakaiswa pasi pake.

Pamutemo chaipo, Mwari vakaisa zvinhu zvose pasi pehutongi hwevanhu, asi kana tikatarisisa magariro edu, hatizvione zvese izvi! MaKristu arikumedzwa nehurwere nehurombo, asi haisiriyo shuviro yaMwari pamusoro pehupenyu hwedu! Kune zvakawanda zvakanka zvinofanira kuwanikwa nemwana waMwari; unesimba nekodzero yekuparadza madziro ese kakukomberedza uye ari mberi kwako. Zviudze mazuva ese kuti mari yangu, hutano hwangu, NEZVESE ZVINHU kuti zviri pasi

petsoka dzako! Bhaibheri rinoti Mwari vakatipa zvese zvinoita kuti tive nehupenyu hwakanaka huri hweuMwari. Pauchatanga kunyatsowana chizaruro chezvandiri kutaura uchaona zvese muhupenyu hwako zvave kukunakira.

Kune vanhu mubhaibheri vakaramba kukundwa nezvakange zvavawira. Mozesi paakange avepakati pevaljipiti negungwa dzvuku akatiza here, akavhunduka here? KWETE! Akaramba kuona madziro akange ari mberi kwake, akapatsanura mvura! Ramba kuona chero ripi dziro rinenge richida kumisa chiporofita chako chekurarama hupenyu hwemukaka nehuchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinesimba pamusoro pezvinhu zvese zvirikuitika kwandiri. Ndirikuparadza zvidziro zvese zvakamira pamberi pangu, zvange zvava kuda kundikanganisa! Hupenyu hwangu huri kutapira sehuchi nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisaremas 82:6-7

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 25-27



Nokuti kuna Mwari hakuna chinhu chinokona.

Kune avo vanotenda munaMwari, zvinogoneka kuitika zvakawandisa nekuti kwaari hakuna chinoramba. Bhaibheri rinotiudza muvhesi redu ranhasi kuti zvese zvinhu zvinogoneka kuna Mwari! Zvimoreva kuti hakuna dambudziko risingakwanise kugadziriswa naMwari. Takapihwa simba sema Kristu rekurwisa nekukunda zvese zvingaitwe nemuvengi, kukunda mazano ake ese nekuparadza zvombo zvake zvese. Haku na chisingagonekwe kuitwa naShe! Mubhaibheri tinoona minana inoshamisira isingafungidzirwe ichiitika, inoanganisira vanhu vanomutswa kubva kuvakafa, zvirwere zvichibuditswa mumiri yevanhu nemakungwa achipatsanurwa. Asi Jesu arikuti tichaita mabasa

makuru kudarika aya! Zvimoreva kuti unesimba semwana waMwari rekutaura kuporeswa kwemuviri wako, nekuunza mari kwauri! Jesu akaisa simba mukati mako rekuita chero chawada!

Bhaibheri rinotiudza kuti Kristu anotisimbisa mune zvinhu zvese; Simba raMwari rakatikwanira kutirigadzirise hutera hwatiinahwo! Pauri kuenenderera mberi nerwendo rwako muna Kristu, ziva kuti hauna chinokumisa, uye hapana chaunotadza kuita, mugore rino remukaka nehuchi, kana uchitenda chete!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine simba kuburikidza naKristu rekuti ndiite zvese. Gore rino hapana chichamisa kuitika kwezvandinenge ndichida kuti zvii-tike! Ndinehutano hwakanaka! Ndichadarika zvinotarisirwa nevamwe vangu uye ndine pfuma yakawanda irikuuya kwandiri, uye ichauya ichimhanya kwandiri nezita gururaJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 4:13

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 28-29

**VaGaratiya 5:24**

Asi avo vari vaKristu vakaroverera pamuchinjikwa nyama pamwe chete nokuda kwayo, nokuchiva kwayo.

Isu semaKristu hatisi varanda venyama nezvainoda! Wakasanangurwa kubva kunezvinoitika kunyika ino zvichirevakuti kana nyika ichisangana nedambudziko rekushomeka kwemvura, iwe hausangane naro. Bhaibheri rinoti hatifanirwe kutevedzera nzira dzemyika ino, zvichireva kuti kana nyika ikasangana nematenda nezvimwewo zvirwere, isu tnenge tiine hutano neminana!

Shoko rinoti tiri anaMwari, saka gara uchiziva kuti urimunhu wemweya hau-tongwe nemitemo nekuitwa kwezvunhu pane rinopasi. Kuda zvinhu zvenyama hakuna maturoy! Ramba kuteerera

mazwi anotaura zvinoopesana neshoko raMwari, achikufurira kuti uite zvisirizvo.

Ukasarudza kuzvipira kuna Mwari worwisana newakaipa, anokutiza! Bhaibheri rinotiudza kuti pfungwa dzedu dzepanyama dzidzo dzinopikisana nekuda kwaMwari pamusoro pedu. Ndosaka tichifanirwa kushandurwa pfungwa dzedu! Chengetedza pfungwa dzako semuKristu kuburikidza nekuva neshoko raMwari mauri. Usabvumire mamwe mazwi kuti akufurire wopedzisira warasika! Unofunga zvakasiyana neavo varimunyika. Hausi wenyama!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisimunhu wepanyika! Nyama yangu nezvainoda zvakarovererwa pamuchinjikwa nezita guru raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 6:23

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Mapisarema 30-32

**Mateo 10:31**

Nazvino musatya nokuti munopfura shiri duku zhinji.

Kuna Mwari kunevamwe vanhu caka-vakoshera zvekuti havagone kugara vasina vanhu ava! Unogona kukatya-madzwa nezvandataura asi mira nditsanangure zvandiri kureva. Mukristu wese anogona kuwedzera kukosha kwake muhushe hwaMwari. Tinoona mubhaibheri wakaipa achiudza Mwari kuti Jobho aizoramba Mwari kana achinge amubvusira zvinhu zvaive zvakamukoshera. Wakaipa akati muranda waMwari Jobho uyo akange akapfuma zvikuru, azorambaMwari kana achinge abvisirwa zvakange zvakamukoshera muhupenyu hwake. Jobho . Mwari vakabvumira Satani kuti aedze Jobh senzira yekumuyedza asi

akamurambidza kumukuvadza. Kunyangwe Mwari akarambidza Satani kukuvadza Jobho, akatumira mbavha idzo dzakarwisa vashandi vajobho vakaurayiwa.

Izvi zvinoratidza kuti Mwari anevanhu vaanokoshesa kudarika vamwe muhushe hwake. Bhaibheri rinoti kana wakakosha kuna Mwari anogona kupa nyika chaidzo, achiitira kuchengetedza hupenyu hwako! Unogona kuwedzera kukosha kwako muhushe hwaMwari kuburikidza nekushanda muimba yaMwari. Kushanda muzvikamu zvakasiyana zvekereke nekuita zvirongwa zvinoendesha hushe hwaMwari kumberi kunoita kuti ukoshe muhushe hwaMwari. Shandisa zvipo zvawakapihwa naMwari muhushe hwavo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubvira nhasi ndirikusarudza kuwedzera kukosha kwangu! NDAKAKOSHA kuna Mwari uye ndinowedzera kukosha kuhushe hwavo nezita guru raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 43:4

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 33-35

**Mapisarema 41:3**

Jehovha achamutsigira panhowo ye-hurwere. Munoshandura nhowo dzese pakurwa kwake.

Vhesi redu ranhasi ririkutsanangura kuti Mwari anodzosera sei hutano kune avo vanenge vachirwara! Bhaibheri rino-tiudza kuti nemavanga a Jesu takaponeswa. Zvakakosha kuti semuKristu uudze hurwere kuti hubve husiyane nemuviri wako. Sezvinoitika kuti kuten-da kunouya kuburikidza nekunzwa, naizvovowo kutya kunounzwa nekunzwa mazwi ewakaipa.

Ramba kuteerera mazwi emunyengeri woramba wakatarisa panaJesu Kristu. Kutenda kupikisana naSatani, paanenge achiti urikurwara iwe unenge uchitaura kuporeswa kwemuviri

wako wese. Ramba uchingopupura kutenda kwako kunyangwe zviite sei!

Tinesimba rekutaura kuporeswa kwemiviri yedu uye nemiviri yevamwe-wo vanhu! Mwari vakatipa tese sevana vavo simba risina anobvunza pamusoro pezvinhu zvese zvinechekuita nehupenyu uye nehumwari. Gara uchiziva kuti hurwere hauna simba pauri nemhuri yako. Pauchatanga kushandisa simba rawakapihwa naMwari pamusoro pezvirwere, zvinobva zvabuda zvotiza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hurwere hauna simba pamusoro pehupenyu hwangu! Ndi-nesimba rekudzinga hurwere kubva mumuviri wangu. Ndine-hutano hwakanaka zvinoshamisa, hunopfachukira semukaka nehuchi nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 2:4

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 36-38



1 VaTesaronika 5:17

Rambai muchinyengetera

Sevana vaMwari mupenyu, munofanirwa kunyengetera nguva dzese musingamire! Hazvireve kuti unofanirwa kunyengetera chete asi kunyengetera kunoshandura mamiriro ezvinhu zvese! Kunyengetera inzira yekutaura nayo naBaba Vedu Vekudenga. Kuburikidza nekunyengetera tinowedzerwa simba! Nzvimbo yekunyengetera ndeyekuhwanda nekumutsiridzwa. Varume vemunyengetero vanobva pahupenyu vachirarama nekusingaperi! Vanhu vanonyengetera vakakosha kuhushe hwaMwari.

Ndosaka bhaibheri richitiudza pamusoro pekuchema kunoita izwi raAbhero, kunyangwe akange afa. Abhero akange avekuzivikanwa muhushe hwaMwari kuburikidza nemunyengetero

yo yaaiita zvekuti izwi rake rakaramba richinzwikwa naMwari iye afa. Ona kuti imba yako imba yekunyengetera nguva dzese. Kunyengetera kunesimba rekushandura hupenyu hwako nehwehuru yako. Ziva kuti kana watanga kuita hurukuro namambo wemadzimambo, minyengetero yako inodairwa nahongu naameni usati watanga kunyengetera. Unosimbisa hukama hwako naMwari kana ukagara uchinyengetera. Tinoona vadzidzi mubhaibheri vachipedza nguva yakawanda vachinyengetera nekurumbidza Mwari; zvinoreva kuti zvakanakosha kupa nguva pakunyengetera mukereke mako. Zvisineyi nezvinenge zvaitika muhupenyu hwako, ramba uchinyengetera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kunyengetera kwangu kunesimba. Minyengetero yangu inoshandura zvinhu zvese zvinenge zvisina kumira zvakakanaka, zvichiva semukaka nehuchi, nezita raJesu! Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 4:6

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Ekisodho 39-40

**Mapisarema 133:1**

Tarirai kunaka kwazvo nokufadza kwazvo kana hama dzichigara pamwe chete norugare!

Tinofanirwa kugara nekushanda takabatana zvisina mubvunzo semaKristu! Munyika mazara kusarudzana, kutarisana pasi uye kusabatana uye zvinhu zvakadai hazvifanirwe kuwanikwa pauri, parwendo rwako naMwari. Unofanirwa kukoshesa munhu wese zvisineyi nekuti ndiyani kana kuti akamira sei.

Bhaibheri rinotiudza kuti kana tikadana, tinobva taonekwa kuti tirivateveri vaJesu Kristu. Ona kuti unorarama uchizvirereka uchikoshesa vamwe vanhu pamusoro pako nguva dzese! Ndiwe muchengeti wehama yako muna Kristu! Kana handzvadzikomana kana

handzvadzisikana muna Kristu ichida rubatsiro funga kuva batsira nenzira yese yaunokwanisa. Ndiho hunhu hwatinofanirwa kuva nahwo sevana vaMwari.

Kereke inoratidza kuzara kwaKristu. Kristu anorakidzwa mukereke yake, inova ngiwo muviri wake! Kuzara kwaKristu kunoratidzwa mumuviri wake kuburikidza neshoko. Zvinhu zvese zvine chekuita naJesu Kristu zvinowanikwa mukereke yake; kubwinya kwake nehunhu hwake zvirimukereke. Zvinoziva kuti tese tave nehunhu hwake semuviri wakabatana!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogadzirisa matambudziko andinosangana nawo! Kana paine anenge achida kubatsirwa ndini ndinobatsira. Ndinochengeta handzvadzisikana nevakoma vangu muna Kristu nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 4:3

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 1-4

**VaEfesu 3:19**

Nokuziva rudo rwaKristu rwunopfura kuziva kuti muzadziswe nokuzara kwose kwaMwari.

Kuva nerudo ndikokuratidza hunhu hwaMwari; ndiye rudo rwunoonekwa! Naizvozvo maari tinoona rudo rwusunganzwisike. Bhaibheri rinoti Mwari akakuda zvikuru zvekuti akapa Mwana-komana wake ariega Jesu Kristu, kuitira kuti tive nehupenyu husingagume. Vanhu panyika vanogona kushandura mifungo yavo pamusoro pako maringe nezvawakavaitira kana zvakamboitika pakati penyu asi rudo rwaMwari rwunonzi harwu pere, zvichireva kuti hakuna chingakuparadzandise nerudo rwaKristu!

Pawakatambira Jesu Kristu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako,

mweya wake wakabva wauya pari nerudo rwake. Saka semaKristu zvakakosha kuti tive nerudo nekuti baba vedu vanerudo. Paurikunderera mberi nerwendo rwako muna Kristu, uchiratidza rudo rwako kunevase vakakukomberedza unobva waita sababa vako. Bhaibheri rinotiudza kuti rudo rwaMwari rwakaiswa mumwoyo medu; saka hazviite kuti tisadanane semaKristu! Sezvo wakabva murudo, unofanirwa kurwuratidza kwete nemashoko ako asi nezviito. Itasarudzo yekufamba uri murudo rwaMwari svondo rinorese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vanondidzisa! Ndine hunhu humwe chete nababavangu nezitaguru raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA


1 Johani 4:7-8

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 5-7



WORKING TOGETHER AROUND THE WORLD TO DELIVER THE GOODNEWS OF JESUS CHRIST TO EVERY COUNTRY.



INDIA



RWANDA



GERMANY



FIJI



USA



UK

GoodNews

DAILY



NIGERIA



FRANCE



ZIMBABWE



BELGIUM



JOHANNESBURG



AUSTRALIA

AS COLD WATERS TO A THIRSTY SOUL, SO IS **GOODNEWS** FROM A FAR COUNTRY. (PROVERBS 25:25)

WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GOODNEWSDAILY

**Jeremiya 29:11**

Nokuti ndinoziva ndangariro dzandi-norangarira pamusoro peny ndizvo zvinotaura Jehovha, indangariro dzorug-are dzisati dziri dzezvakaipa.

Mwari vanehurongwa hwakakura pamusoro pako! Semwana waMwari unofanira kuziva kuti zvese zvaunofanirwa kunge uinazvo pakurarama kwako nozviwana mukupfuma kwavo kune kubwinya. Zvinoreva kuti hauna chaunoshaya muhupenyu hwako. Unogona kunge urimurombo asi ziva kuti hakuna muKristu akanzi anorwara, kusafara kana kuva murombo. Mwari vanechido chekuti ubudirire pane chese chaunenge uchida kuita muhupenyu hwako. Ramba kutambira hurombo muhupenyu hwako kana mumhuri yako! Taura uti Mwari vakapedza hurombo hwako pawakatendeuka

ukatambira Jesu Kristu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako. Taura nemamiriro akaita zvinhu muhupenyu hwako woti, Handina chandinoshaya, **HANDISHAYE!**

Zviwanikwa zvekuva mupfumi zvakawanda uye zviripachena. Muna Genesisi, kupfuma kunonzi inzvimbo yekuhwanda uye inochengetedza kubva kune wakaipa. Bhaibheri rinotiudza kuti Satani haana kubudirira pese paaidza kurwisa Jobho nekuti akange akakomberedzwa neruzhowa rwemari yakange yakamukomberedza neimbe yake. Ramba uchingotaura zvakawanda chete pamusoro pehupenyu hwako nemari yako. Uchaona wawe neruzhowa rwepfuma rwavekuuya kwauri kuzokomberedza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine mari yakawandisisa. Ndinodaidza mari isinamagumo, uye pfuma nemari yakawanda zvinondiitevera! Mwari vanoropafadza mubato wemaoko angu! MARI IRIKUUYA KWANDIRI IZVEZVI SEMUKAKA NEHUCHI! Mbir!

MAVHESI EKUVERENGA

Muparidzi 7:12

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 8-10

**Johani 4:35**

Koi mi hamuti kwasara mwedzi mina kucheka kwasvika? Tarirai, ini ndinoti kwamuri, Simudzai meso enyu onai minda, kuti yatoibvira kucheka.

Zvirinyore zvikuru kutendeutsa vakarasika kuti vatambire Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwavo! Jesu imhinduro kune vese vanoti kutendeutsa vanhu kwakaoma. Dambudziko riripo nderekuti maKristu akaverenga magwaro ari pamusoro pekutendeutsa vanhu, asi havana kuwana nguva yekunyatsonzvera kuti vanzwisise zvinodiwa naMwari uyo anehunyanzvi hwekutendeutsa vanhu. Jesu aishandisa zvinodisira nemaJudha kuti atsanangure nezvekutendeutsa vanhu. Aipamucherechedzo wekurima senzira yake yekudzidzisa nayo.

Unofanirwa kunzwisira kuti zvinotora mwedzi mina kuti gorosi riibve murimi agokwanisa kuri kohwa, uye Ishe vanoshandisa mufananidzo wekurima gorosi kuti vaivateerera vanzwisise zvavaitaura.

Iwe hausu murimi! Saka harisibasa rako kuti urime, ugadzire hwaro hwekutendeutsa nahwo vanhu. Basa iri rakatoitwa kare naMwari! Ndizvo zvinopedza gakava rese rekuti kutendeutsa vanhu kwakaoma. Avo vanofunga kuti zvinonetsa vakazvipa basa remurimi zvinova zvisirizvo zvavaifanira kuita, nekuti basa irori nderaMwari ega! Kana uchida kubudirira pabasa rekutendeutsa vanhu ipa Mwari chigaro chavo chekushanda navo semurimi munyaya iyi! Goho rakatogadzirwa rekuti utendeutse vanhu kuti vauye kuna Kristu nhasi chaiye!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chamangwiza wekutendeutsa vanhu kutio vauye kuna Jesu Kristu. Mwari vakandirerutsira pakuitwa kwebasa iri. Goho ragadzirirwa! Hareruya.

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 11:30

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 11-13

**Zvirevo 18:21**

Rurimi rwune simba pamusoro porufu kana hupenyu; Vanorwuda vachadya zvibereko zvarwo.

Mashoko aunotaura anesimba! Kubva kuna Genesisi kusvika kuna Zvakazarurwa, tinoona Mwari vasina chavakaita panyama kunze kwekungotaura chete! Kunyangwe pavaisika, Mwari vaingotaura chete! Isu sevana vaMwari takapihwa simba rekusika kuburikidza nemashoko afinotaura. Bhaibheri rinoti mashoko aunotaura mweya uye hupenyu. Vara rekuti hupenyu rinonzi zōé, zvichireva hupenyu hunaMwari, kana kuti hupenyu hunopasimba kuna Mwari! Ndosaka mashoko aunotaura asingafe! Kana ukati ndakabhuroka, 'mashoko iwayo anoramba achi-tenderera achutsvaga nzira dzekuti

zvawakataura zvizadziswe!

Muromo wako inzvimbo inopasimba rezvekuita kumweya. Chese chaunotaura chinotsvaga nzira yekuzadzikisa zvaunenge wataura pamusoro pehupenyu hwako. Bhaibheri rinoti mashoko aunotaura haawire pasi, anozadzikisa nekuita zvese zvawakaatumakuti aite; saka kana ukataura kuti, MARI IRI KUUYA, zvinotoitika nekuti wakazvitaura!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mashoko angu anesimba! Ndinotarudza kutaura zvakanaka chete pamusoro pehupenyu hwangu, zvisineyo nemamiriro anenge akaita zvinhu; ndinehutano hwakanaka, ndirichishamisochakapfuma muhushe hwaMwari nezita raJesu! Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 55:11

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 14-15



VaHeberu 11:1 Zvino kutenda ndirwo rusimbiso rwezvinhu zvatinotaririra, umbowo wezvinhu zvatisingaoni

Kutenda hakusi zvinofungwa nevanhu kuti ndozvakuri, nekuti kutenda chinhu chinoenderera mberi munhu ainacho! Vhesi redu ranhasi ririkuti, 'Zvino kutenda ndirwo,' zvichireva kuti haukwandise kushandisa kutenda kwawakange uineko nezuro kuti uwane zvanhasi. Ichokwadi kuti kutenda kunoenda kuchiwedzerwa, asi kunosimbiswa nekutenda kunenge kuchienderera mberi kuchiitika pamusoro pechinhu chaunenge uchida kuti chitike kana kuwana. Uri kuitei izvezvi? Wakabatirira here pakutenda kuriko uye urikutevedza zvakuoda here? Vara rekuti 'zvinhu' rinonzi hypóstasis, uye rinoreva chinhu chinotsigira.

Kutenda ndiko kunounza zvaunenge uchida kuwana, uye ndiho humboo hwekutenda kwako. SemuKristu unenge wakaberekerwa mukutenda asi unofanirwawo kudzidzira kuti unokuwana sei. Bhaibheri rinoti, kutenda kunounzwa nekunzwa uye kunzwa shoko raMwari. Saka kuti uvenekutenda unofanirwa kuverenga shoko raMwari mazuva ese! Ona kuti waenda kukereke uye uverenge shoko raMwari kuitira kuti uwedzere kutenda kwako.

Chimwezve chinhu ndechekuti bhaibheri rinotiudza kuti tifambe nekutenda tisashandise maziso edu enyama kuona zvinenge zvichiitika, zvisinei nemamiriro anenge akaita zvinhu. Kana ukafamba nekutenda, unona hurombo huchishaya simba pamsoro pako uye hurwere hunosha simba rekukukanganisa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosarudza kufamba mukutenda pane zvese zvandinoina muhupenyu hwangu! Pandirikuwedzera kuverenga shoko raMwari kutenda kwangu kurikusimukira nezita raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Jakobho 2:26

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 16-18

**2 VaKorinde 12:4**

Kuti wakakwidzwa muparadhisu akanzwa mashoko asingagoni kutaurwa.

Kune imwe nzvimbo munyika yemweya inokonzeresa kuti vanhu vave muhuvapo hwaMwari zvokonzeresa kuti vasave munhuwozvake kana achienzaniswa nevamwe vanhu. Unogona kunge uchiprofita kana kuporesa asi mumaziso aBaba, vanhu ava vanenge vakasimudzirwa pamweye! Pauro anotsanangurarwendo rwaakamboita kudenga achiti akanzwa mawi akange aakange asina kodzero yekuti adzokorore kutaura. Avo vanenge vasimudzirwa pamweya, vanonzwa mashoko anobva kune imwe nyika!

Kunezvikanu zvepamweya zvinok-

wanisa chete kuziviswa kuburikidza nekutaura kweavo vakasimudzirwa mumweya! Kunyangwe vanhu vasingavakoshese, asi vanoremekedzwa naMwari. Vanhurume nevanhukadzi ava ndivo zviratidzo zvehuvapo hwaMwari kuburikidza nechikristu chete!

Mwari akaita kuti vashumiri vake vavemiravzo yemoto! Saka kuti munhu anzi asimukira mumweya anofanira kunge aine moto. Zvinoreva kuti vavengi vako varikutadza kukuparadza nekuti havana moto! Moto waMwari unowanikwa kuburikidza nehochekeche yaunenge uinayo naMambo wemadzimambo, uye nenguva yaunotoro uchiverenga shoko raMwari. Pafungekuti ungodai uine simba rakawanda sei repamweya dai wakaziva kuti kunodiwa kuti uve nemoto kuti uvemweya wepamusoro!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine moto waMwari mandiri! Hupenyu hwangu hunonogedzera kuna Kristu! Mandiri munogara huvepo hwaMwari nezita raJesu! Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 1:7

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 19-21

**Mapisarema 105:15**

Achiti, Musagunzwa vazodziwa vangu navaprofita vangu.

Kuvepo kwezvinhu zvepamweya ku-noenderana nekugona kwako kuona nekunzwa kushanda kwazvo! Kune nzira imwe chete inoshandiswa nevakuru vezvemweya, neavo vanoona mumweya, yekuziva nayo zodzo. Vanhu vakawanda havatomboziva kuti kune chinonzi zodzo. Ichi ndicho chikonzero chinoita kuti vanhu vakawanda vatadze kushandisa zodzo riripavanhu vakatumirwa naMwari kuzokubatsirai. Paurikuenderera mberi murwendo rwako naKristu, zvakakosha kuti uremekedze nekunzwa zodzo riri pavanhu vakaiswa pamusoro pako naMwari. Mubhaibheri tinoona paine dhimoni rakatanga kuparidza apo Pawuro

aipfura nepanzvimbo rarakange riri nekuti simba rakange ririmuna Mawuro rakange rakawandisisa maari. Izvi zvinoreva kuti wakaipa anofema kubata nekunzwa zodzo.

Usabvumire mashoko anotaurwa nevamwe vanhu pamusoro pako kuti atonge hupenyu hwako! Kunyanya mashoko aye anopikisana nezvintaurwa naMwari pamusoro pehupenyu hwako. Zvinogona kuita sekunge mukuru wako webasa, mudzidzisi kana shamwari vanenge vakakuvenga, usingazive chikonzero chacho, asi vanenge vachitovhundutsirwa nezodzo riri pauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosarudza kukoshesa munhu wese anotumirwa kwandiri naMwari kuti azondibatsira! Ndakapihwa mweya wekugona kunzvera; Uye handizikuzoshandisa mumwe munhu kuti andinwire zodzo nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 2:20

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 22-23

**Johani 3:16**

Nokuti Mwari akada nyika nokudaro kuti wakaipa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti ani nani unotenda kwaari arege kuparara, asi ave nehupenyu husingaperi.

Chii chakakonzeresa kuti Mwari vekudenga vakuregererere? Ko chii chakakonzeresa kuti vapindane nechikamu chekuwana anovatakurira semimba, voitwa zai mudumbi iri, vogaramwedzimipfumbamwe vari mudumbu raamai, vozozvarwa vokura kuita murume mukuru vozo rovererwa pamuchinjikwa kuti vazoregererera vana vavo? Unoziva here kuti mWari vekudenga vakazviisa pasi vakagara semuranda vakazvibvisa hushe hwavo hwedenga kuitira kuti vauye pane rino pasi kuzokuregerera zvitadzo zvako!

Ko chii chinoita kuti nanhasi wakaipa asatendeuke, asi achinzi ndiye ane-

chenjeri hwakanyanyisa kudarika zvisikwa zvese zvaMwari? Unofunga kuti wakaipa haasati akuziva here nanhasi kuti akarasikirwa nei? Chinokonzeresa kuti zvanda bvunza izvi zvienderere mberi zvichiitika inhau yekuti mhengo haigone kuregerera! Mumaziso emhengo, kuregerera kunotoitika chete kana pafiwa. Ndosaka Mwari vakazotumira mwanakomana wavo Jesu kuti vafe kuitira kuti uregererwe zvitadzo zvako!

Ongorora kuti mubhaibheri zvinonzi wakaipa akazvidzingisa kuba kudenga nekuti akange avekuita pfungwa dzakaipa dzekumuikira Mwari. Haana kunge azadzikisa zvaifunga izvi, Wakaipa anokuvenga nekuti unotadza mazuva ese asi Mwari vanoramba vachikuda uye vachikuregerera!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaregererwa zvitadzo zvangu zvese naMwari; Mwari vakatumira Mwanakomana wavo kuitira kuti ndiregererwe, ndorarama hupenyu hwemukaka nehuchi. Mbiri ngaiende kuna Mwari Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 86:5

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 24-25



2 Timoti 3:16

Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, rwunobatsira pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa, nokuranga kurimukurama.

Karensi nemari, zvinhu zviviri zvakasiyana. Karensi kutsigira kukosha kwemari uye mari kuchengetedzwa kwayo. Nhasi uno mari haina chirikuitsigira kukosha kwayo. Mari yaimboshandiswa nyenika dzese yekuUnited States Of America irikuenderera mberi ichidzika kukosha kwayo! Kare yaimbotsigirwa negoridhe asi mazuva ano irikutsigirwa nemashoko atinotaura! Zvinoreva kuti mari inogona kuudzwa zvekuita uye inogona kutongwa nemazwi aunotaura. MuKristu wese akapihwa nhaka muna Kristu Jesu, zvichireva kuti hurombo hunofanirwa kubuda muhupenyu hwako!

Karensi inofanirwa kugara kwenguva refu uye ichigona kuiswa muzvikamu zvikamu. Panowedzerwa kukosha kwako mari inowedzera kuzosimbisa kuwedzera kwekukosha kwako. Ipa nguva yakakwana pakuverengwa kweshoko raMwari, sezvo bhaibheri richiti zvakakukoshera iwe kuti ugare uchiverenga bhaibheri. Mwari ndiMwari anowedzera, uye hapana chaanowedzera chisina zvachinobereka. Unofanirwa kuwedzera kukosha kwako, kuitira kuti Mwari vakushandise nekukuwedzera. Sarudza kuita hoche koche nevanhu vanepfungwa dzakaita sedzako, vasingakutorere zvaunazvo, asi vanowedzera kuhupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mari irikuuya kwandiri! Mari yangu ichakwira nekuwanda zvinoshamisa! Avo vaimbonditarisira pasi vachasimudza meso avo vavekutarisa kumusoro kwandinenge ndave ndichirarama hupenyu hwemukaka nehuchi, nezita raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 10:10

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Revhitiko 26-27

**Johani 14:30**

Handichazotaura zvizhinji nemi, nokuti muchinda wenyika anouya asi haana chinhu kwandiri

Dambudziko riripo mazuva ano nder-ekuti havazive kuti munhu wese anemweya waainawo waanobuditsa! Hakuna nzira yaunopindwa nawi nedhimoni usina chaunenge waita chinoakoka. Jesu akati achiona wakai-pa, akati akange asina chaakange ainacho chigona kuti Satani arambe achitevererane naye! Nemamwe mashoko, unogona kuwana chimwe chinhu chewakaipa chaunenge uinacho muhupenyu hwako chinenge chichikonzeresa kuti akwanise kukurwisa Nyandzvi dzezveruzivo rwescience dzakaongorora dzikaona kuti chiyedza chinofambirana nekupenya, uye

kuti haukwanise kuwana chiyedza pasina kupenya. Ndosaka zvichinzi haungarwiswe nemadhimoni usina chakaipa chinenge chiri mauri! Chinoita kuti Mwari vakoshese hutsvene inyaya yekuti hunomisa zvinhu zvinogona kuunza madhimoni kwauri! Semwana waMwari ramba kubvumira twunhu twewakaipa muhunhu hwako. Usabvumire hurwere, hurombo kana hashu muhupenyu hwako. Bvumira zvawakadaidzirwa naMwari kuti uite kuti zvitungamire hupenyu hwako, zvinobatsira kuti wakaipa ashaye kuti angapinde sei muhupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handina chandingafananidzwe nacho newakaipa chiri mandiri! Ndinoratidza kunaka kwaMwari pane zvese zvandinenge ndichiita; Ndirimutsvene uye ndakasanangurwa. Ndirikutin-gamirirwa nezvandakadaidzirwa naMwari kuti ndive nekuita, nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:29

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 1-2

**VaGaratiya 2:20**

Ndakarovererwa pamuchinjikwa pamwe chete naKristu, handisisiri ini ndinorarama, asi Kristu anorarama mandiri, kurarama uku kwandinorarama nako munyama zvino ndinorarama nokutenda kuri muMwanakomana waMwari wakandida akazvipa nokuda kwangu.

Semwana waMwari wakarovererwa pamuchinjikwa pamwe chete naJesu Kristu! Kunyangwe wakafa kunyama, hausiriwe arikurarama asi ndiKristu arikurarama achifema ari mauri. Zvinoreva kuti bhaibheri rirkuti vanhu pavanokuona vanenge vaona Kristu! Ukanzwisisa zvandirikutaura hauna chaunopotsa zvakare semutendi! Hakuna chinonzi kurwara kana hurombo nekuti Jesu akange asingarware uye akange asiri

murombo. Avo vakafa kunyama havana basa nezvinotaurwa kana kufungwa nevanhu pamusoro pavo!

Kana uchirarama hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa, unofanirwa kuti uroverere nyama yako pamuchinjikwa mazuva ese! Nyama inezvido zvayo, zvaunofanirwa kuinyima nekuparadza zvisati zvakuparadza iwe. Mwari vakakugadzira vakakuumba semuKristu, kuti ufanane naKristu. Zvikagara mundangariro dzako zvandataura izvi ukazvitevedzera uchaona uchiita mabasa makuru muhushe hwaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorarama hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa! Ndakafa kunyama uye ndinorarama kuburikidza naJesu Kristu! Hakuna hurwere hunogona kundiparadza. Zvese zvandaida panyama ndakazvikunda nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:13

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 3-4

**Mako 16:17**

Zviratidzo izvi zvichava navanotenda; Vachabuditsa mweya yakaipa nezita rangu, vachitaura nendimi itsva.

MuKristu wese akapihwa simba nehunyanzvi hwepuparadza nawo madhimoni. Asi kunyangwe Mwari vakatipa simba rekubuditsa madhimoni tichishandisa zita ravo, kune vatendeni vachiri kutambudzwa nematambudziko akasiyana siyana. Hakuna chimwe chikonzero kunze kwekufi maKristu aya anenge achishandisa zita raJesu asi asina hunhu hwaJesu wacho. Vara rinoti 'zita rinonzi ónoma, uye zvinoreva hunhu.

Bhaibheri rinotaura pamusoro pevankomana vanomwe vemumwe muPrista avo vakayedza kudzinga dhimoni nezita raJesu vachikundikana! Vakange

vasina hunhu hwaJesu Kristu, uhwo hwaizogona kutsigira zvavaitaura. Usabvumira manomano asatani muhupenyu hwako, uye usamupe mukana wekufi apinde pahupenyu hwako. Bhaibheri rinoti, Mwari vakakupa simba pamusoro pezvinhu zvese nerekusika nyoka. Ita sarudzo yekufi saKristu, umutevedzere hunhu hwake. Rodza pfungwa dzako kuburikidza nekuverenga shoko raMwari iro richaita kuti uwane hunhu hwaKristu. Ukararama uine hunhu hwaKristu hapana chinogona kukukuvadza!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirinyanzvi pakuparadza madhimoni! Mano mano aSatani haasi kuzondikanganisa kana kundikuvadza. Ndinoramba kurwara; ndinesimba rekukunda chero chipi chinhu chingaye uye hapana chinondikuvadza nezita raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 10:19

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 5-6

**VaHebheru 12:22**

Asi imi makaswedera kugomo reZiyoni, nokuguta raMwari mupenyu, Jerusarema riri kudenga nokumazana avatumwa asingaverengeke.

Kana maziso ako asina kuvhurika munyika yemweya unobvumira matambudziko akawanda kuti apinde muhupenyu hwako. Unofanirwa kugara uchiona vatumwa semuKristu! Ukaongorora mashandiro anoita ziso unona kuti unogona kuona kuburikidza nemirazvo yechiyedza inenge ichibva pachinhu chaunenge wakatarisa opinda mumaziso chiyedza chiya chogadziriswa nemboni yeziso, nhengo dzeziso dzinoshanda pamwe chete kusvikira wavekunyatsoona. Pafunge kuti chiyedza chinopinda muziso mako ndicho chinoita kuti uone!

Bhaibheri rinotiudza kuti kupinda kunoita shoko raMwari matiri kunopa chiyedza. Zvinoreva kuti kana uchida kuona ngirozi unofanirwa kuvhurenga magwaro anotaura nezvevatumwa kuitira kuti chiyedza chevatumwa chipinde mauri, ugodziona! Mwari vakasika vatumwa kuitira kuti vakubatsire. Ukaenderera mberi uchitendera chiyedza chengirozi kuti chipinde mauri unenge wave kugara uchidziona mazuva ese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoona ngirozi kwese kwandinoenda! Ndirikuo mazana nemazana evatumwa vasingaverengeke aineni! Chiyedza chirikuwedzera kuinda mandiri pandirikuverenga shoko raMwari nezita raJesu! Hareruya.

MAVHESI EKVURENGA

Mapisarema 119:130

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 7

**Zvakazarurwa 1:10**

Ndakanga ndiri mumweya nezuva raShe ndikanzwa shure kwangu, inzwi guru rinenge serehwamanda.

Hazviite kuti unge urimunyika yemweya usina kutaura naShe. KunemaKristu akawanda arikutadza kunzwa izwi rashe, avo vanoshandisa zvisirizvo mazwi avo, izwi nepfungwa vozviita seizwi raMwari.' Unoona vachiti kana vanyora vachitsvaga basa vakarishaya vanoti kwange kusiri kuda kwaMwari kuti vari wane. Vakariwana vanoti kwanga kuri kuda kwake kuti variwane! Bhaibheri rinoti hushe hwaMwari hauuye nekuona. Kuitika kwezvinhu neimwe nzira hakureve kuti Mwari vange vataura kana kusataura. Dzidzira kutungamirirwa nemweya waMwari. Dzidzira kufamba nekushanda mumweya.

Usaita sevaye vanoporofita miono yavo nezvavanenge vachida vasvinga porofite muono waMwari nezvido zvake. Unebasa rekuita muhupenyu hwako raunofanirwa kukoshesa. Saka rega kutungamirirwa nemazwi evamwe vanhu, kunyanya vemunyika. Dzikama uteerere unzwe izwi ramweya waMwari woribvumidza kuti rikutungamirire!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinonzwa izwi remweya waMwari saka hapana zvinoitika zvinondivhiringidza. Zvese zvandinoita zvinotungamirirwa nemweya waMwari Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisaremas 143:10

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numbers 8-9

**1 Johani 5:4**

Nokuti chinhu chipi nechipi chinober-ekwa naMwari chinokunda nyika, uku ndiko kukunda kunonokunda nyika, ndiko kutenda kwedu.

Mukristu wese anofanirwa kufamba aine pfungwa dzekukunda. Chinhu chinonzi kukundikana ngachishaye nzvimbo mupfungwa dzako. Munhu anenge aine chombo chinesimba pasi rese asi asingagone kuchishandisa, munhu anenge aine hutera hunotyisa pasi rese. Ndiwo magariro arikuita vana vaMwari vakawanda andatsanangura aya, asi iwe wakakunda nyika kare! Bhaibheri rinoti hatinyengerwe nema-no mano ewakaipa nezvimbo zvake. Haana simba pamusoro pako semwana waMwari. Hakuna chombo chingagadzirwe kuti zvekuti chikuparadze

chakasimba. Urimwana waMambo!

Zvisinei nezvaunenge wasangana nazvo nhasi, zvinogadziriswa neshoko raMwari. Vese varikukurwisa ava, varikurwisa pasina nekuti varikukundikana. Wakaitwa mukundi kuburikidza naKristu uye semwana waMwari kukunda inhaka yako! Ramba kufunga nezvekukundikana. Iva nepfungwa dzekukunda dzemukaka nehuchi, pane chese chaunenge uchiita, unoono hupenyu hwako hwavekuyendeka!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri mukundi munaKristu Jesu! Rufu, hurwere nezvimwe zvimbo zvebakaipa hazvina simba pamusoro pangu nemhuri yangu. Ndichakunda zvakananyisa gore rino nezita guru raJesu! Amen.

MAVHESI EKVVERENGA

Dhuteronomi 20:4

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 10-11

**Johani 10:34**

Jesu akapindura akati, Hazvina kunyorwa here mumurairo wenyu zvichinzi, Ndakati muri vaMwari?

Ana Mwari vanotaura nanaMwari! Ndosaka Mwari vasirikutaura; Habana wekuita hurukuro naye. Kunyangwe ukaongorora mambp wenyika ino(wakaipa), mubhuku raGenesisi, rese hatione panotaura Mwari, kusvikira paanoona Adhamu! Zvinoreva kufi Adhamu akange akafanana naMwari zvisinakana mubvunzo! Paunotanga kupinda munzvimbo dzemweya zvikomberedze nevanhu vanechizaruro chakafanana Nechako uye zvakaitika kwauri kuti usvike pachinhano chawave ichi.

Samwari ziva kuti uri ani. Nhasi uno unoti kana ukaenda kumakuva onoono

makuva emaMuslims, maHindu nema Kristu akarara pamwe chete. Chikonzero chinoita kuti zvidaro ndechekuti maKristu akawanda hasati avekuziva kuti ndaanani muna Kristu! MaKristu ndaana Mwari, saka havafanirwe kufa sevanhuwo zvavo. Shiri dzinobereka shiri, shumba dzinobereka shumba! Uri mwana waMwari wepamusoro; uri mwari!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimwari arimuchivande! Ndakaberekwa naMwari saka rufu harwuna nzvimbo muhupenyu hwangu! Hapana chinondimisa gore rino! Hareruya.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 82:6

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 12-13

**VaRoma 1:1**

Pauro muranda waKridtu Jesu, wakadanwa kufi ave muapostora akatsaurirwa evhangeri yaMwari

Muchinyakare kulsraeri kwaiti kana kuchinge kwadarika makore manomwe muranda aifanira kusunungurwa kubva pahutapwa. Asi zvaiti kana muranda uyu akasarudza kuenderera mberi achishandira tenzi vake, nzeve yake yaiboorwa oenderera mberi ne-basa rake achinzi "muranda nekuda kwake" Saka Pauro arikuti akazvipira kuenderera mberi achishandira Kristu hupenyu hwake hwese pasina kumanikidzwa.

Pawuro arikuti ndakange ndiri muranda, ndakapihwa rusununguko rwekufi ndisiye vatenzi vangu asi tenzi vanhu munhu akanaka zvekufi handikwanise

kusiyana navo. Ndakazvipira kufi ndienderere mberi ndichivashandira. Vangani vedu vanotinemwoyo yavo yese ndinokwanisa kuzviita: Ndagadzirira nezvese zvandiinazvo kufi ndishandire Ishe wangu Jesu; Ndichamushandira pachena uye handisikumanikidzwa? Kunaka kwaMwari kwakandinyanyira uyekunoenderera mberi zvisineyi ne-hutera hwangu. Zviite semuranda aita sarudzo yekuenderera mberia-chishanda mumunda wemuzambiringa washe!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri kupira hupenyu hwangu zvakare kuna Jesu, mambo wangu Ishe wangu nemudzikinuri. Ndinopa zvese kwamuri ishe uye ndagadzirira kufi vandishandise senyundo yavo yekurwa nayo kufi ndikonzerese kuitika kweshanduko mumazuva ano ekupedzisira nezita raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 1:1

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 14-15, Mapisarema 90

**Genesisi 1:2**

Nyika yakanga isina kugadzirwa isina chinhu, rima rakanga riripo pamusoro pemvura yakadzika; Mweya waMwari wakanga achigarira pamusoro pemvura.

Vhesi redu ranhasi rinotiudza kuti pakutanga, nyika yakanga isina kugadzirwa, isina chinhu paine rima. Kana zvichinzi isina chinhu zvinoreva kuti pakange pasina kana chinhu uye pasina chaitarisirwa kumera panzvimbo iyoyo! Mweya waMwari pawakafamba, pachi Hebheru zvinonzi wakaita inonzi "rachaph", zvichireva kufunga nekuona zvaifanira kunzi zvizoitika. Ipapo paifunga mweya waMwari ndipo pakasikwa chinhu chitsva panzvimbo yakambenge isina chinhu. Mweya Mutsvene aitsotsonya, kana kufunga kuti poitwa sei panzvimbo yakange isina chinhu iyi mushure mezvo ndokubva ati, "Chiyedza ivapo", ndokubva chiyedza

chavepo!

Pane zvinofanirwa kuitwa kana kuchitsotsonywa pamweya, uye uchida kuti zvinhu zvibude sekufunga kwako. Mamiro ekunze haafanire kuchinjachinja kana uchida kutsotsonya zvakanaka. Saka kana uchitsotsonya chinhu pamweya, gadzirisa hunhu hwako hunake, wosimudzira kunamata kwako uye rumbidzo yako kuna Mwari woimedzera zvakare, unoona hupenyu hwako hwavekuita chishamiso. Kutsotsonywa pamweya kunoita kuti ukurumidze kukura pamweya, nekusimbisa simba rako mumweya. Saka simbisa kudyidzana kwako namweyamutsvene, uyo achakusimbisa kuti urame hupenyu hutsva hwedenga.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri chisikwa chitsva chakaberekwa mumweya, uye hapana chinondimisapakuzadzisa kwangubasa randakatumwa naMwari. Kubwinya kurikuitika muhupenyu hwangu kuchapenyesa zvese zvakandikomberedza, mbiri ichienda kuna Mwari. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 4:6

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 16-17



Isaya 54:17

Hakuna nhumbi yokurwa inopfurwa kuzorwa newe ingabudirira; rurimi rumwe norumwe rwunokukwirira pakutongwa rwuchapihwa mhosva; Ndiyo nhaka yavaranda vaJehovha nokururama kwavo ndokwangu ndizvo zvinotaura Jehovha.

Nhasi ndirikutema chirevo chirimushoko raMwari muvhesi ralsaya 54:11-17 ndichiti: “Haiwa iwe mutambudzi, wakapotserwa nedutu remhepo, usina kunyaradzwa, tarira, ndichateya mabwe ako namavara akanaka, ndichateya nheyo dzako nemabwe esafiri; Ndichaita shongwe dzako neagati, nomuganho wako wese namabwe anofadza, Navana vako vose vachadziziswa naJehovha uye rucha-va rukuru rugare rwavana vako,- paka-

dii ipapo kuwana mudzidzisi akadai.

Uchasimbiswa mukururama; uchava kure nokumanikidzwa, nokuti haungatyi, uye kure nezvinotyisa, nokuti hakungaswederi kwauri; Tari- ra vachaungana kwete neni Aninani anoungana pamwe kurwa newe uchawa nokuda kwako. Tarira ndakasika mupfuri anopfutidza mazimbe mumoto, ndokuita nhumbi yebasa rake, uye ini ndakasika muparadzi kuti aparadze. Hakuna nhumbi yokurwa inopfurwa kuzorwa newe ingabudirira; rurimi rumwe norumwe rwunokukwirira pakutongwa rwuchapihwa mhosva. Ndiyotarisiko inearanda vaJehovha iyi! Wese anokupa mhosva anonzi anonyepa. Aya ndiwo mararamiro ako aya. Chirevo chakatemwa naMwari ichi pamusoro pako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikubudirira panezvese zvandiri kuita; handikundikane! Mwari vakazvitaura, muPorofita vakazvinzwa, ndipo panoperera nyaya yacho! Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

Daniel 3:26

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numbers 18-20



Mabasa AvaPostori 12:9

Akabuda akamutevera asingazivi kuti zvirowazvo zvinoitwa nomutumwa, asi wakati ndinoona chiratidzo.

Petro akabuditswa mutirongo nedenga, kuburikidza nengirozi yakamusunungura ikamuvhurira kuti abude. Zvinonakidza ndezvekuti apo Petro aisunungurwa iye akange asingatende kuti ichokwadi chaitika kwaari. Petro akatofunga kuti airota zvinhu izvi pazvaiitika haan kutenda kuti chaiva chokwadi kuti akange abuda mutirongo!

Nhasi ndirikurayira dambudziko rese raunararo, kungave kushaya mbereko, ringave remari, basarako kana kuhushumiri hwako kuti nguva yako yekusunungurwa yasvika! Sezvakaitika kuna Petro uchaita sekunge urikurota

nekuti zvichakurumidza kuitika zvekuti hauwane nguva yekufunga nezvazvo. Munana wandiri kutaura nezvawo uyu haunzwisisike uye mari yako irikuuya kubva kunyika yemweya, mari yako yakuzoonekwa uinayo uye kupupura kwako kwekurarama hupenyu hwemukaka nehuchi, kuchashamisa vakawanda. Wave kuzorarama hupenyu hwekuwandirwa nezvinhu. Hausi kurota, ndoatove magariro ako muna Kristu. Hauchapinda zvakare mutirongo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakasikwa ndakanaka naMwari kuti ndiratidze kubwinya kwavo nekunaka kwavo. Humambo hwangu hwave kuonekera. Nhare dzekushaya nehurombo dzaparadzwa nezita guru raJesu! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 126:1

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 21-22

**Isaya 43:18**

Musarangerira zvinhu zvakapfuura musafunga zvinhu zvakare.

Mhodzi yese ine butiro rinenge rakai-putira painodyarwa muivhu. Mbeu iyi inovigwa muvhu uye inenge isingaonekwi kunze asi nguva yayo inenge yasvika. Kuyangwe zvakadaro panezvinenge zvichitsigira mbeu iyi painenge iri. Usafunge kuti wakanganwika semuKristu! Unogona kunzwa kunge wakavigwa kuburikidza nematambudziko akawanda anenge akakutsitsira, uye uchifunga kuti hapasisina anebasa newe, ruzivo rwako haruchashanda, hausisina vaunozivana navo, hauna mari uye kuti nhuri yako yavekuperara. Matambudziko anenge achiuya kwauri achitevedzana zvekuti hasi kuziva kuti unopabuda sei!

Ndirikukugira nhau dzinonakidza mudikani, dzekuti hasi wega, hauna kukanganwika. Sezvakaita mbeu yakaiswa muivhu, inguva chete yauchaona yave kumera yavekubuda nehutsva hwayo pasi ichishamisa vanenge vachiiiona, nekufadza murimi. Mangwanani ako asvika, husiku hwapera. Ndirikurevesa kana ndichiti mhuri yako haisikuzoparara, bhizimusi rako harisikuzoparara uye hauuraiwe nehurwere. Yave nguva yekumera kwako. Uchapupura kuti chokwadi gore rino ndirikurama hupenyu hwemukaka nehuchi, uye uchipemberera nekusingaperi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoenderera mberi ndichivimba naMwari kunyangwe ndisangane nedambudziko rinenge rakakura sei. Ndirimukundi akadarika vakundi; kukunda kwangu kurikutevera kumwe kukunda uye ndinokunda matambudziko ese achauya kwandiri! Mbiri kuna Jesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 5:17

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 23-25

**Jakobo 1:24**

Nokuti unozviona ndokuenda ndokukanganwa pakarepo kuti wakadini iye.

Dzimwe nguva zvinotaurwa nemaKristu pamusoro pezvavanenge vapindana nazvo zvinokatyamadza uye ndinoshaya kuti vanenge vachimbozviwana kupi. Unonzwa vachiti, “Mwari varkundiranga, ndosaka ndirikuomerwa nehupenyu”, kana kuti “Mwari varkundiranga ndosaka musoro wangu uri kutema kudai”. Kupenga kwese uko! Hakuna Mwari pavanozopihwa mbiri nekukundikana kwako! Hakuna zvekunzi Mwari vanenge vachikupa chidzidzo kuburikidza nekukurwarisa, kwete, havasi Mwari vanenge vachidaro. Mwari havashandise zvombo zvemuvengi kuti varange vana vavo nazvo. Havasi Mwari vanenge vachi-

kuranga nekukugarisa munezvakaipa muhupenyu, kwete! Mwari havashandise mazano emuvengi kuti vaite basa ravo.

Ziva kuti iwe ndiwe unokonzeresa nekusakonzeresa zvinenge zvichitika muhupenyu hwako. Hauna waunopomera mhosva kana usingaone budiriro muhupenyu hwako! Nyatsozviogorora mararamiro auri kuita. Zvibvunze kuti nguva yangu ndirikuipedza ndichiitei? Ndinogara ndichipa chegumi change kuna Mwari here? Ndinogara ndichinyengetera here? Ndinokoshesa kuverengwa kweshoko raMwari here? Ukatangana kuita zvakasiyana nezvawakambenge uchiita, unoona pave neshanduko muhupenyu hwako. Saka chitanga nhasi kuita zvakasiyana nezvaunogara uchiita.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirichisikwa chitsva chaMwari chisati chamborarama paneriripasi. Handimiswe uye handisiyire chinhu panzira. Ndinokwadi chekuti mumazuva mashoma ndinenge ndave kupupura! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 1:66

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 26-27

**VaEfesu 1:3**

Ngaavongwe Mwari naBaba vaShe wedu Jesu Kristu, wakatiropafadza nokuropafadza kwose, kwo Mweya kudenga munaKristu.

Vhesi redu ranhasi ririkutaura nezve kunzwisisa pamusoro pe "maropafadzo ese edenga". Mwari musimba rehutongi hwavo vakafunga kutigovera "maropafadzo ese epamweya" kuburikidza nalshe Jesu! Ndirikureva iye anogara muhvepo hwake akaita sarudzo yekutiropafadza nemaropafadzo ese epamweya" muna Kristu! Ukafunga nezvazvo, Mwari netsitsi dzavo vakatiropafadza, zvisiney nehutera hwedu, uye nekusarurama kwedu, Ndosaka ndichigara ndichiti, Mwari havana kukutsamwira; vanodada newe! Chimwe chinhu chandinotenda kuti

wave kunyatsonzwisisa ndechekuti hupenyu hunotongwa nezvewe! Saka kana Mwari vakaita sarudzo yekuti ropafadza neropafadzo rese repamweya kuburikidza naKristu, vakaratidza kunaka kwavo kwatiri nenzira yepamusoro. Kana uina Kristu mauri, unemaropafadzo ese epamweya – kwete mamwe, asi ese. Numeri 23:20 inoti, "Tarira ndakarairwa kuti ndiropafadze iyewakatoropafadza Ini handigone kuzvishandura." Zvavanotaura kana kufunga pamusoro pako hazvina nebaso rese. Zvinotaurwa naMwari chete ndizvo zvakakosha. Vakati gore rino uchararama hupenyu hwemukaka nehuchi, ndopanoperera nyaya yacho!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaropafadzwa uye ndakakosheswa kudarika vamwe vese; Handitarisirwe pasi. Ndizere nemufaro wakawanda nerunyararo muhupenyu hwangu. Ndakakosha kuna Mwari kudarika matombo endarira. Anondibata wese anoparadzwa!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 1:3

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numbers 28-30

**Johani 6:63**

Mweya ndiye anoraramisa, nyama haina maturo mashoko andakataura kwamuri ndiwo mweya nohupenyu.

Zvinoda kuti ugone mutauro wekunyika yemweya kuti ukwanise kutaurirana nemweya yekunzvimbo iyi. Mweya haitaure nemitauro yatinoziva yakaita seSwahili, chirungu, chiFrench, kana chiGerman. Mweya inotaurirana nezviratidzo uye nemakodhi. Munyika iyi kune mitauro yendimi dzakasiyana siyana, dzimwe ndimi padzinonamatwa dzinoita sekupfuura kwepfuti, nekukandwa kwemabhomba, zvichikonzera mvonga mvonga mukamba yemuvengi. Ndoda kuti uzvione seimba yesimba, sebhomba renuclear rakadadzirirwa kuti riparadze chero upi muvengi anenge akusvikira.

Muvengi anoenderera mberi achikuvhiringidza nekuti anofunga kuti urindonda uye kuti unehutera hwakanyanya hwepamweya uye kuti urimunhuwozvake. Simuka ukoke zvombo zvawakarongedzerwa pamuro-mo wako, wotanga kupfuura kukamba yemuvengi, woibvarura bvarura nemiseve nemabara arimumukanwa mako, usingamire usingatarise. Yavenguva yehondo. Mugore rino remukaka nehuchi, tanga kurwisa muvengi uri ndiwe, kusvikira runyararo rwako rwadzozwa, mari yako yadzozwa uye zvinhu zvave kufamba zvakanaka mumba mako. Vandudza ndimi dzako dzive dzerumwe rudzi, uye usamire kurwisa, kusvikira wadzoserwa zvese zvakabiwa nemuvengi kubva kwauri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rurimi rwangu ipenzura yakagadzirira kunyora. Izwi rangurichavhundutsa mukamba yemuvengi. Ndiriuto remunhu mumwe chete uye ndirikukunda munzvimbo dzakasiyana siyana. Ndirikubva panekumwe kutonga ndichienda pane kumwe, gore rino nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Johani 5:21

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 31-32

**Johani 6:68**

Simoni Petro akamupindura akati; Ishe fichagoenda kunaniko? Ndimi munamashoko ehupenyu husingaperi.

Zvakataurwa naSimoni Petro muvhesi redu ranhasi rinoreva zvinhu zvakawanda. Simoni Petro nevamwe vadzidzi vaJesu vakange vaita tsakurudzo yakakwana, uye vawana pajekerere kuti Jesu chete ndiye aiva ne "Mashoko ehupenyu husingapere". Johani 1:1 inoti, "In the beginning was the Word, and the Word was with God, and the Word was God." Verse 14 of the same chapter says, "And the Word became flesh and dwelt among us, and we beheld His glory, the glory as of the only begotten of the Father, full of grace and truth." Jesu ndiye shoko rakauya ririmunhu wenyama.

Ziva kuti Jesu ndiMwari, saka nazwi anotaurwa naMwari haawire anogara nekusingaperi. Ichi ichokwadi! Jesu akati muna Mako 13:31, "Heaven and earth shall pass away: but my words shall not pass away." Mashoko aJesu anogara nekusingaperi uye haawire pasi! Kana uine mashoko anogara nekusingaperi achikutungamirira muhupenyu hwako, hurwere hunokutiza. Paunotaura kubhanga rako, sezvo riri chisikwa rinokupindura. Chawakatakura mauri, chinogara nekusingaperi uye chakasimba!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kurarama nekusingaperi uye humwari zvinogara mandiri, ndinofamba musimba. Pandinotaura ndinoratidza simba. Hupenyu hwangu ndewehunyanzvi; nharaunda yangu izere neminana nezvishamiso.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 16:16

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 33-34



Mapisaremas 92:12

**Akarurama achamera somuchindwe,
achakura somusidhari paRebhanoni.**

Urikuona here muvhesi redu ranhasi kuti vanhu vakarurama vari kufananidzwa nemuti wemuchindwe. Muchindwe muti wakasanangurwa zvekuti vakarurama vanofananidza nawo. Pane zvinoitwa nemuti uyu, zvinofanirwa kutevedzerwa. Muchindwe unoitwa zvese uye wakasimba zvekuti hauna mhengo inogona kuudonhedza! Muchindwe unogona kubhenda kumashure woenda kumberi kana-kumativi pamhengo inenge iine dutu rakawanda asi haudonhe. Mushure mekuvhuvhuta kwemhengo unoona muti uyu wakamira uchiita sekunge pasina chaitika.

Kufananidzwa kwemunhu akarurama

nemuti wemuchindwe kwaitwa muvhesi redu ranhasi, hakuna kungoitika nekuti panguva paanosangana nedambudziko, muKristu anofanirwa kusimba. MuKristu haafanirwe kuvhunduka asi annofanirwa kumira neshoko raMwari, aine kutenda kukuru. 2 VaKorinde 4:8-9 inoti, "Tinotambudzika pamativi ose asi hatimanikidzwe; tinokanganiswa asi hatina kurasa mwoyo, tinotambudzwa takawisirwa pasi, asi hatina kuparadzwa." Urukupabuda chete semukaka nehuchi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu huchaita chishamiso! Pachapera mhengo inovhuvhuta iyi ndichaenderera mberi ndakasimba. Hupenyu hwangu hwakavigwa muna Kristu; Hakuna anogona kundiparadza, Handisikuzohwanda kwete, ndicharamba ndakamira ndichipupura shoko raMwari! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 1:3

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Numeri 35-36



1 VaTesaronika 4:16

Nokuti Ishe amene achaburuka kudenga nokudanidzira neizwi romutumwa mukuru, nehvamanda yaMwari, vakafa muna Kristu vachatanga kumuka:

Isu tinekusimudzirwa kwatakaitwa naJehovha munyaya dzekushumira, kuburikidza nechizaruro chatakapihwa naivo Mwari pachavo. Takapihwa nzwisa yekuona kurarama kunoitwa hupenyu hwekudenga. Shoko redu ranhasi riri kutaura zviripachena zvarinoreva uye hapana chikonzero chekuti nditsanangure zvarinoreva. Musi unouya Ishe vavekudzika kubva mumakore vachadaidzira neizwi rengirozi huru. Vakafa muna Kristu ndivo vachatanga kumutswa kubva kuvakafa, pavanonzwa hwamanda yarira. Zvinoreva

va kuti vakafa chete ndivo vachanzwa izwi rengirozi huru, vomutswa kubva kuvakafa!

Ndinowanzo tema zvirevo zvangu ndichiti, "Neizwi rengirozi huru", nekuti mazwi anosiyana, uye vanhurume nevanhukadzi vaMwari vakasiyanawo. Mweya unokudhonzera kune avo vanenge vachida rubatsiro. Nhasi ndirikutaura nezwi rengirozi huru kuchibereko chakafa, wanano yakaparara, kukambani yakaparara kuti zvimuke izvezvi zvotanga kushanda zvakanaka, zviite zvibereko. Zvese zvakafa muhupenyu hwa-

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Izwi rangu richatonga mumasaisai uye mari ichanzwa izwi rangu zvakanyatsonaka. Ndirikutema chirevo chekuti handimbofanda nakabhuroka zvakare muhupenyu hwangu! Hareruyah.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 24:31

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 1-2



Mapisarema 82:5

Havazivi havanzwise, vanofamba famba murima, nheyo dzose dzapasi dzinozunguka.

Mumwe wevarume vanehumhare mubhaibheri asinganyanyopihwa mbiri ndiAdhamu! Kudonha kwakaita Adhamu kwakakongerera kuti kudenga kuite bararamhanywa, zvekuti mamiriro ekunze, nyika, mwedzi nenyenyedzi zvese zvakatadza kushanda zvakanaka. Bhaibheri rinotiudza kuti Jesu Kristu ndiye Adhamu wekupedzisira: "Zvakanyorwa zvichinzi, Adhamu wekutanga akange ari chisikwa chairarama asi Adhamu wekupedzisira akange arimweya waipa hupenyu." (1 VaKorinde 15:45). Saka kuona kwako iwe, unofunga here kuti Adhamu akange asina simba? Kwete mambo!

Adhamu arimubindu reEdheni, akawana ruzivo kubva mumuti, nhasi uno, isu pachedu tirikuwana mishanga kubva mumiti. Mari inogadzirwa nebepa, iro rinobva pamiti. Saka kana Adhamu akadya muchero unopa hupenyu, hakuna munhu aifanirwa kuti arware! Hutongui hwaAdhamu nehukuru hwake zvakanakura zvekusajairika. Adhamu akarasikirwa nehutongo hwake paakadonha asi Adhamu wechipiri, Jesu Kristu akadzoserazve simba nehutongi kwatiri. Sakai ye zvino unogona kutaura nezvakakukomberedza uye nenharaunda yako zvochiteerera zvaunotaura. Zvinotofanirwa kukuteerera chete zvekuti unotoona pachiiifika shanduko!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadzorerwa simba naKristu. Mashoko andinotaura anosika, ndakatakura hunhu hwaMwari, Ndiri wehumambo, uye kusi-ka zvinhu ndokubasa kwangu. Ndinotonga uye ndirikukunda panezvese zvandirikuita! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 11:3

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 3-4

**Zvakazarurwa 4:7**

Chisikwa chipenyu chekutanga chakanga chakafananan neshumba, chisikwa chipenyu chechipiri chakanga chakafanana nemhuru, chisikwa chipenyu chechitatu chakanga chine chiso chakaita sechomunhu, chisikwa chipenyu chechina chakanga chakafanana negondo rinobhururuka.

Chimwe chezvisikwa zvakange zvakagara naMwari chakange chine chiso che munhu. Izvi zvaireva kuti Adhamu asati asikwa, munhu akange avepo kare achitogara naMwari, uye cherechedza zvinosimbisa zvandiri kutaura: Mwari vakati “ngatisikei munhu nemufananidzo wedu”. Izvi zvinotiudza kuti Adhamu semunhu akasikwa akasiyana nechisikwa chakange chiiine chiso chemunhu. Mwari vakatisika nemufananidzo wavo, tiine mweya, pfungwa

nemuviri. Muviri wagagadzirwa neivhu, ndosaka muviri uri wenyama. Evha abva kufurirwa newakaipa kuti adye muchero wakange warambidzwa naMwari, akafurirawo murume wake kuti adyewo, zvakakonzersa kuti Mwari vatuke nyoka iyo yavakati ichadya ivhu (Genesisii 3:14). Asi isu tese tinoziva kuti nyoka haidye ivhu. Saka ivhu rairehwa iri rakaita sei? Rinoreva nyama. Muvengi znorwisa nyama, saka zvakakosha kuti usimbise mweya wako zuva regarega kuburikidza nekuverenga shoko raMwari kuitira kuti ukurire zvido zvenyama. Ramba uchitaura kuti mukaka nehuchi, pamusoro pehupenyu hwako zvese nepamweya wako, zvizhava sekutaura kwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

INdirikukura mumweya kuburikidza neshoko raMwari randiri kuverenga. Ndirikusimudzira kugona kwangu kukunda mi-seve yese inopisa yandinotumidzirwa nemuvengi. Ndinesimba repamweya rinokonzersa kuti wakaipa atize nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Ezekieri 1:10

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 5-7

**Mako 10:27**

Zvino Jesu wakati achivatarira akati, Kuvanhu izvi hazvibviri, asi kuna Mwari zvose zvinobvira.

Kunyika yemweya kune zvinogona kuitika zvisingaperi asi zvisingagone kuitika panyama.. Kana bhaibheri richiti zvinhu zvese zvinoitika naMwari zvinoreva kuti “ zvinhu zvese”! Hakuna chiinosara kana paine zvinogona kuitika naMwari. Ongorora kuti zvinhu zvakawanda zvepamweya hazvidzidziswe pamusoro pazvo, asi kuti zvinhu zvinobatwa! Chimwe chezvinhu chandirikuda kuti uzive nhasi ndechekuti Mweya waMwari unoda chifambiso. Zvimwe zvifambiso zvinogona kunge vari vanhu! Dzimwe nzvimbo dzinonzi zvifambiso munyika yemweya, nekuti dzinoita kuti uende kunzvimbo inoita kuti hwaro

hwehupenyu hwako huberekwe husimukire panzvimbo iyi.

Kana uchinge wawana chifambiso chehupenyu hwako, uchabviswa kubva pane imwe nzvimbo uchiendeswa pane imwe, wotanga kuona hupenyu hwako huchishanduka. Kana wasarudza chifambiso chakakodzera, uchaona uchisimukira uye uchipembererwa. Mamwe matambudziko atinosangana nawo muhupenyu anobatsira pakutisimudzira kutiendeswa pane chimwe chinhano muhupenyu. Dambudziko iro raunoona sejere, iro ravhiringidza wanano yako, mari dzako nevana vako, chitori chifambiso chirir kukutakura chichikuendeswa kuimba yako yehumambo.Usatye, asi pindana nazvo ukunde.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakakwira pangoro dzemhepo; matambudziko angaye kubva kumashure asi achandisundira mberi zvekuti ndichakurumidza kusvitswa kunzvimbo inosimudzira hupenyu hwanagu nekukurumidza. Zvinhu zvese zvirikundishandira mune zvakanaka! Mbiri.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 19:26

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 8-10



2 Madzimambo 2:11

Zvino vakati vachifamba vachingotaurirana havo, ngoro yemoto namabhiza omoto zvakasvika zvikavaparadzani-sa ivo vaviri, Eria akakwira kudenga pachinyamupupuri.

Tisati tasvika parugwaro rweu rwanhasi, Profeti Eria vakange vabva kunzvimbo yeGirigari kuBeteri vachien-da nekuJeriko, vakazosvika parwizi rweJorodhani, uko kwavakazobvut-wa nechamupupuri chakavaende-sa kudenga. Vakafamba nzvimbo dzakawanda kusvikira vasvika pan-haraunda yakange izere nekuitika kwenyika yepamweya zvakanyanyisi-sa. Kune nzvimbo dzaunogona kupin-da dzinekuitika kwezvemunyika yem-weya zvakanyanyisa, izvo zvinoita kuti ukunde. Dzimwe nzvimbo munyika yemweya dzinoita kuti usimudzirwe

uiswe pane chimwe chikamu chehupenyu.

Kana urimunharaunda yakakodzera, minana inoitika, vanhu vanoporeswa. Unofanirwa kuti unzwisise nharaunda yaunenge uri, iyo inogona kusimudzira hupenyu hwako. Kune vanhuwo vakatakura nharaunda dzinogona kushandura mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako. Iwe unebasa rekuti uwane nharaunda inosimudzira hpenyu hwako, zvekuti kana waiwana, mamiriro ebhanga rako anochinja mari yako yowandisisa, wanano yako inoshanduka, mhuri yako yoshanduka, ukange wavawana vakoshese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndapinda munharaunda yakakodzera iyo inoshandura hupenyu hwangu kuhuita munana uye handisikuzobvamo ndakadar. Pfungwa dzangu dzakapinza uye mwoyo wangu wagadzirira kugamuchira. Hupenyu hwangu hunochinja chete kubvira nhasi, uye ndichapupura.

MAVHESI EKUVERENGA

Genesisi 5:24

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 11-13

**Mateo 7:25**

Mvura ikanaya mvura zhinji ikauya mitutu ikavhuvhuta ikarova imba iyo ikasawa nokuti yakanga yakateyiwa paruware.

Bhaibheri rinoti mvura zhinji yakanaya mitutu ikavhuvhuta kukaita mhupo yakawanda zvichiratidza matambudziko anosanganikwa nawo muhupenyu – mvura nemhupo izvi zvairova imba. Imba irikutaurwa nezvayo murugwaro urwu ndiwe. Hongu, iyewe urikuverenga rugwaro rwuno izvezvi. Randarira kuti uri tembereri yaMwari, saka muvengi arikushandisa zvese zvaainazvo achizvipotsera kwauri. Unogona kunge urirovha, wanano yako inogona kunge ichikutambudza. Unenge uripakoma, wakatarisana nematambudziko akawanda panguva imwe chete, asi

rega hako kunetsekana!

Mitutu pahupenyu inouya kuzonzwa kusimba kunenge kwakaita nheyo dzhupenyu hwako! Nhau dzinonakidza ndedzekuti sesi maKristu, Kristu ndiye hwaro hwehupenyu hwedu. Saka kana ari ndiye hwaro hwehupenyu hwedu, ziva kuti haurambe uine dambudziko raunararo, rinopera chete! Hausi kumirira kuti wozoonza chiyedza kwekupedzisira kwemwena, kwete. Wakapinda mumwena urichiyedza nekuti ndiwe chiyedza chenyika. Ziva kuti dambudziko raunararo rinemusi warinoguma, saka haugare urimariri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakamira padombo, rinova Jesu Kristu. Handinyudzwe nemitutu inovhuvhuta. Hazvineyi kuti mitutu iyi inenge ichivhuvhuta zvakadii, handisi kuzozungunutswa. Ndicharamba ndakamira! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 10:25

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 14-16



2 Makoronike 20:20

Vakamuka mangwanani ndokubudira kurenje reTekoa, zvino vakati vachibuda Jehoshafati akamira akati, Chindinzwai imivaJuda nemi mugere Jerusaremu; tendai Jehovha Mwari wenyu mugosimbiswa; tendai vaporofita vake mugokunda.

Chirevo ichi chekutenda muna Mwari nevaProfita vake chakakosha zvikuru pakubudirira muhupenyu. Basa raMwari harisi rekutendeutsa vanhu kwete! Haa mumwe munhu atobatwa batwa asi nzwisisa izvi, usateerera pfungwa dzako pakuitwa kwebasa raMwari. Chinhu chinodiwa zvikuru naMwari ndechekuti vanhu vatende mavari. Ndizvozvof! Saka shandura mafungiro aunaita, wotenda zvinotaurwa naMwari maringe neshoko ravo, unoona uchikunda zvakare uchibudirira.

Chishamiso ndechekuti Mwari vanobatanidza kubudirira kwako pakutenda kwako muvaprofita avo. Kugarika kunobva mukutenda kwako mumuProfira waMwari. Zvinoratidza kuti Mwari anokoshesa kuteererwa kwemitemo yake. Muna Amosi 3:7 zvakanyorwa kuti: "Surely the Lord GOD will do nothing, but he revealeth his secret unto his servants the prophets." Mwari vanosvinurira shoko ravo, uye vanotidzidzisa kuti pane rino pasi vanoshanda pamwe chete nevakapa basa rekutaura shoko ravo maprofitu uye kuti ukatenda zvinotaurwa nemuprofita unobudirira!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndagadziriswa kuti ndifambe ndipinde kwandinowana rugare rwangu ndogara hupenyu hwakabudirira kuburikidza nekutenda kwangu mumuProfita waMwari. Ndakaropafadzwa kuti ndinge ndiine muprofita muhupenyu hwangu. Shoko raMwari hariwire pasi mugore rino remukaka nehuchi, kugarika kwangu kwatovepo! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Jeremiya 38:20

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 17-20

**Johani 10:10**

Mbavha inongouya kuti ibe, nokuuraya nokuparadza. Ini ndakauya kuti avenehupenyu uye avenohwakawanda.

Vamwe vanhu vanofunga kuti nguva yekushumirwa kweshoko raMwari sechinhu chinongoitwa nguva dzese mukereke, kuti ingori nguva yemuparidzi yekushumira shoko senguvadzese. Asi, handizvo. Kana munhu waMwari amira pamberi pekereke, avekushumira, unoona zvinenge zvichitika panyama sekunge zvinhu zvemazuva ese, asi chokwadi ndechekuti munyika yemweya zvinhu zvinenge zvakasiyana! Mashoko anenge achishumirwa aya, anenge asina kujairika kwete. Anenge arimiseve inemoto anobaya uye anenge achikonzeresa mvonga mvonga munyika yemweya.

Pauro anoti muna 1 VaKorinde 15:31, "Ndinopika hama dzangu nokuzvirumbidza kwandinako pamusoro penyu muna Kristu Jesu Ishe wedu, kuti ndinofa zuva rimwe nerimwe". Pauro ari kuti chinhu chinogoneka kuitika kuti afe aripakati pekuparidza shoko raMwari. Kushumira shoko raMwari kunogona kukonzeresa rufu, uye munyika yemweya madhimoni anenge achichema panenge pachishumira shoko! Ndicho chikonzero chinoita kuti maKristu akurudzirwe kuti anamatire vanhu vaMwari nguva dzese. Chinangwa chewakaipa ndechekuparadza uye anofanirwa kuti arangwe zvakaipisisa!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosimudzira maoko emunhu wangu waMwari kuna Mwari. Ndirikuita hoche koche nemuparidzi wangu kuti tirange wakai-pa; mashoko andinotaura anehupenyu uye mweya. Muvengi anedambudziko rakakurisisa izvezvi nekuti ndirikutaura uye ndichinamata! Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 7:25

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 21-23

**Genesisi 26:3**

Gara hako munyika ino uri mutorwa, ini ndichava newe, ndichakuropafadza; nokuti ndichakupa iwe, navana vako nyika idzi dzose, ndichasimbisa mhiko yandakapikira Abhurhamu baba vako;

Chinhu chinoseka kana ukanzwa munhu achiti Mwari haamo panyaya dzerugare nekupfuma! Vanhu vakadai, havazvikoshese kana tichitema chirevo chekuti vanhu vararame hupenyu hwemukaka nehuchi. Kozoti kune mamwe maKristu anotenda kuti kana akararama hupenyu hwekutambura vachisiririsa, zvinoratidza huMwari, zvekuti vanofunga kuti ndizvo zvinoita kuti vaende kudenga! Iyi ihongu yakapotseka iyi! Mamwe maKristu anotenda zvakare kuti kana ukapfuma, pfungwa

dzako neruzivo rwako ndizvo zvinenge zvichikubatsira, vosiya Mwari kunze.

Kana urimuKristu, ufanira kuziva kuti Abrahama, babavekutenda, avo vakaudzwa naMwari kuti "Ndichakuita rudzi rukuru, ndichakuropafadza, ndichakudza zita rako, iwe uropafadze vamwe." (Genesisi 12:2). Kana uchitenda kuti mashoko aya akataurwa naMwari kuna Abrahama, chibva wazivawo kuti Mwari hafarire hurombo. Asi kuti vanofadza nerugare rwako (Mapisarema 35:27). Waka ropafadzwa kuti uveropafadzo kune vamwe!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinonzi rugare, ndozita rangu. Ndiri nzvimbo inogara Jehovha; Handirarame hupenyu hwekushaya nekuti nhaka yangu inobva kuna Mwari. Kwese kwandinoenda ndichaenderera mberindiropafadzo nezita raJesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Genesisi 13:15

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 24-27

**2 Timoti 2:15**

Shingaira kuti uzviratidze pamberi paMwari uri munhu wakatendeka, mubati usingafanire hake kunyadziswa, anonatsa kururamisa shoko rechokwadi.

Pamazuva atakatanga kugara tese nemudzimai wangu, pane panda-kauya ndiine bhuku kumba raitaura nezvemari, ndikaudza mudzimai wangu kuti bhuku iri raizotipfumisa! Ndakamuudza kuti bhuku iri raizoita kuti tive nemari yakapetwa yandakange ndaitenge nayo bhuku, kakapetwa miriyoni kuburikidza nekuriverenga chete! Magwaro anotiudza muna Zvirevo 4:7, kuti "Huchenjeri chinhu chikuru kune zvose; saka Uzviwanire njere nezvose zvauinazvo." Zvakakosha kuti uverenge mabhuku nezvimwewo zvinoita kuti

ukure pamweya uye pakunzwisisa kwako.

Mamwe maKristu anomitra mumitsetse kwenguva yakareba achida kutenga mafuta anenge akanamatirwa pane kutenga mabhuku nezvimwewo zvinoita kuti vawedzere ruzivo rwavo. Handirambe zvangu kuti mafuta akanamatirwa ane zodzo remunhu waMwari, asi ukawana ruzivo unowedzera huchenjeri hwako hunoita kuti uzive kuti zvaunosangana nazvo muhupenyu unozvigadzirisa sei. Usaregedze kuverenga shoko raMwari nezvimwewo zvinokupahuchenjeri nekuda kwekuti unenge uchida kutenga mafuta akazodzwa, Zvese zvine zvazvinokubatsira nazvo pakukusimbisa mubasa rekusimudzira hushe hwaMwari.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakagadzirirwa kukunda nyika dzakawanda ndichishandisa ruzivo. Handisi munhuwo zvake; Ndinehuchenjeri hwedenga. Shoko raMwari rinoita kuti ndizive zvekuita kana ndichinge ndasangana nematambudziko muhupenyu. Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 4:11

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 28-29

**Isaya 54:2**

Kurisa nzvimbo yetende rako, ngavatatamure maketeni eugaro hwako, usarega, urebese mabote ako, usimbise mbambo dzako;

Dzimwe nguva unofanirwa kuita nhumbu yechinhu chitsva chinoita kuti uve nenzara nacho. Kana pasina chinhu chitsva chinoita kuti ubve paunenge wakagara zvakanaka, hapana chitsva chinoitika kana kuuyawo kwauri. Kana munhukadzi achinge azvitakura anotanga kuva nenzara yezvokudya zvinhu zvaasina kujaira kudya. Kana zvichinge zvadaii nzwisisa kuti haasisiri mudzimai uye avekunzwa kuda kuchinja zvekudya zvake, zvekupfeka kuvanepekugara patsva nezvimwevo zvakadaro. Kwete. Paane chimwe chinhu chirikumanikidza kuti zvinhu iz-

vozvo zvidiwe, uye kuti inhumbu yaavenayo yave kuzvida!

Kana nharaunda yavekutanga kusakufadza, usisafarire motokari yako, usisade mapfekero ako uye wave kuda mbatya dzakanaka, nezvmwewo zvakadaro, ibva waziva kuti nguva yeshanduko kuti urarame hupenyu hwemukaka nehuchi, inenge yasvika. Mwari kana vavekukusimudzira muhupenyu unoona wavekusagutsikana nemagariri ako wavekuda zviitsva. Hausiriwe unenge uchikonzera kuda kwako zviitsva asi nhumbu yaunenge watakura ndiyo inenge yavekuda kuti uve nezvinhu zviitsva izvo zvichaitakuti uone maropafadzo akawand avekuitika muhupenyu hwako!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndagadzirira kuitira Mwari mabasa makuru ayo achakatya-madza vakawanda verudzi rwangu. Ndine kudaidzwa kwakakura uye ndichatora nzvimbo dzakawanda kuti dzive dzashe Jesu Kristu! Hareruyah.

MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 26:15

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 30-31

**Mapisarema 41:9**

Haiwa kunyangwe shamwari yangu chaiyo yandaivimba naye, aida zvokudya zvangu, Naye andisimudzira chitsitsinho chake.

Matambudziko akawanda anosnganikswa nawo muhupenyu anongonyuka kubva kunzvimbo dzisingafungirwe. Dhavhidha akachema mushoko redu ranhasi, pamusoro peshamwari dzaaivimba nadzo achidya nadzo chingwa idzo dzakange dzamumukira. Mhedzisiro yakange iri yekuti shamwari dzaaivimba nadzo ndidzo dzakange dzamusimudzira chitsitsinho! Shamwari iyi yakange yazara nekuzvikudza, yave kudada uye yakange yatengesa Dhavhidhi, asi chokwadi chakange chiri chekuti yakange isina chayakange iinacho. Apa zvirikuratidza pachena kuti dzimwe nguva waunofunga kuti ishamwari kana hama yako yepamwoyo ndiye anokutengesa kana kukurwisa.

Ndakasvika pakuti muhupenyu haufanirwe kubva neshamwari. Dzimwe shamwari, vavengi vanenge vakamirira kuti nguva yekukurwisa ikwane! Mumwe anogona kuti ishamwari yako yepamwoyo asi mushure memakore maviri ndiye anenge akupandukira, ova muvengi wako. Nyatsotarisisa hukama hwaoko nevanhu kuti uzive chaivo vanotikunyangwe ukasangana nedambudziko rakakura sei vaniramba vakamira newe. Ndirikukunamatira nhasi kuti Mwari vakupe mweya unokurumidza kunzvera vanhu vanenge vakakukomberedza kuti uzive kuti vanomira newe here, uye kuti vanonyengera vakurumidze kubviswa pauri, vasina kukanganisa gwara rehupenyu hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakakomberedzwa nevatumwa. Muvengi anouya kwandiri achinyepedzera kuvashamwari yangu anoparadzwa. Ndinochengetedzwa nenyasha dzaMwari! Hupenyu hwangu hwakachengeteka muna Kristu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 22:21

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Dhuteronomi 32-34, Mapisarema 91



1 VaKorinde 12:10

Mumwe kuita mabasa esimba mumwe kuporofita, mumwe kuzivisisa mweya, mumwe marudzi endimi; mumwe kududzira ndimi:

MaKristu arikurarama mumwaka uno ndeemhando yepamusoro, asi vane-hutera hwakawanda mavari. Takapi-hwa zombo zvemhando yepamu-soro naMwari, uye vakatipa zvipo zvakawanda, asi tirikutadza kuzvis-handisa, zvekuti tirikurarama hupenyu hwekutamburira takakundikana ngu-va dzese! Tinofanirwa kunge tiine sim-ba rakawandisisa asi zvinorwadza kuti chiKristu changove madimikira, hachi-sisina simba. Yave nguva zvino yekuti maKristu ahandise izwi rengirozi huru kuti kuitike minana inoshamisira!

Dzimwe nguva maKristu anonamata kwenguva yakareba. Asi vanenge vaine zvikwereti zvinenge zvisina kubhadharwa, vanoramba vari marovha kwenguva dzakareba, uye kana vavekufanirwa kuti vape kuna Mwari vanenge vavekutoita zveku-tosarudza kudaro vasisa zvikoshese! Simba rekutonga ririmo mauri. Chisi-po chete kugona kubatanidza simba iri kuti rikuitire zvaunoda. Verenga shoko raMwari wonamata upote uchitsanya kuitira kuti upedze simba renyama uye kuti unzwe zvinenge zvichitaurwa naMweya Mutsvene. Paunozotaura nezwi rengirozi huru unoona zvese zvaunokumbira neku-rayira zvichiita saizvozvo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotaura kusimudzirwa mumweya uye ndinotaura mukaka nehuchi, ndinotaura hupenyu. Kunzwisisa kwangu pamweya kwakasimudzirwa uye ndinotema chirevo chekuti zvinhu zvese zvandinodaidza mumweya zvichaitika mbiri ichipihwa kuna Mwari! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mako 16:17

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Joshuva 1-4

**Muparidzi 10:19**

Mutambo unoifirwa kuseka, uye waini inofadza upenyu, zvose zvingawanikwe nemari.

Shoko raMwari rinoratidza pachena kuti hazviite kuti uve nanatenzi vaviri; sezvo zvichikonzera kuti uyeerere mumwe kudarika mumwe. Mwari vanoenza nisa mari natenzi, kana mwari zvichireva kuti mari inotonga. Asi ukanzwisira kuti Mwari vanovimba newe nemari semuchengeti wayo, kanalshe vave kuida kuti iite basa ravo hazvinetse kuti uvape mari iyoyo.

Ongorora izvi: munyika yemweya, mari chisikwa. Mari irimuhomwe mako iyi kana muchikwama chako haizive kuti ndiwe muridzi wayo. Mari ine nharo zvekuti inototongwa namambo anesimba kuidarika! Mari chinhu chemweya, uye

inodakunamatwa! Kuda mari ndiwo mudzi wezvakaipa zvese, saka nzwisira kuti kana iwe rudo rwako rwuri pana Mwari, zvese zvauinazvo ndezvavo, kusanganisira nemari yako. Mari haimbofa yakakutonga! Kana mari ikaziva kuti unoipa kunemumwe Ishe –anova Mwari – mari inokuremekedza yoyu kwauri!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva zvekuita nemari; hainditonge. Ndichapa mari semuranda kuna Ishe wangu Jesu Kristu. Pandinotaura, mari inondi-teerera yogadzira mukaka nehuchi nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 6:24

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Joshua 5-8

**Isaya 43:1**

Asi zvino kwanzu naJehovha akakusi-ka, iwe Jakobho, akakuumba iwels-raeri, Usatya hako nokuti ndini ndakakudzikinura; ndikakudana nezita rako, uriwangu;

Paunodaidzwa kuti uite zvawakasikirwa haunatsananguro yaunogona kupa kune zvinenge zvave kuitika muhupenyu hwako. Unogona kuona wavemushumiri asi usingagone kutsanangura kuti zvakauya sei. Bhaibheri rinoti Johani muBhabhatidzi akange arimugwenga. Kwakange kusina masaisai e Instagram, WhatsApp, YouTube, kana chichitivhiti. Asi izwi rake rakatanga kuita maungira musango, vanhu vakabva mumaguta vachiyaya kuzonzwa mharidzo dzake. Kana wadanwa, hakuna chinokumisa, uye nzvimbo yaunenge uri inenge isina

basa, mamiriro ehupenyu hwako zvakare anenge asina basa.

Chinhu chimwe chete chinenge chirimumwoyo mako kana wadanwa, izwi reuyo anenge akutuma. Mwari vanoshandisa vanhu kuti vashandure hupenyu hwevamwe vanhu, saka zvakakosha kuti uzive vanhu vawakatimirwa naMwari, kuti vashandure hupenyu hwako. Zvimwe zvinhu zvinoitwa naMwari hazvinzwisisike; Mwari vanoshandisa kutenda chete. Kana Mwari vave kukuropafadza, vanotumira munhu, uye ibasa rako rekuziva kuti wavanenge vatuma ndiyani. Mwari vakakudaidzira chikonzero. Ita basa rako nemwoyo wese; ndorawakadaidzira naMwari!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Basa randakadaidzira naMwari ndakuriziva. Ndinoziva kuti ndakadaidzira kuti ndiparidzire nhau dzakanaka dzenyasha dza Mwari pamazuva ekupedzisira, uye ndichazviita ndisingatye, ndisingasarure. Hareruyah. Amenii.

MAVHESI EKVVERENGA

Mapisarema 100:3

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Joshua 9-11

**1 Johani 2:17**

Nyika inopfuura nokuchiva kwayo; asi unoitika kuda kwaMwari anogara nokusingaperi.

Kugara uine zvakawanda kudarika zvinodiwa pakushandisa zvinoratidzwa kuti unenge uchigara hupenyu hwembozha. Vanhu vanonzi vakapfuma vanogara sembozha asi vanongodya michero nemiriwo, uye havapfeke zvipfeko zvinodhura. Kuratidzira hupenyu hwembozha hazvirevekuti ndiwo hwechokwadi saka hautevedzerwe nekuti hauzive zvinenge zvichiitika kumunhu wachoo

Tevedzera zvepamweya kwete zvepanyama. Hudiki hunogona kukupofamadza, uye zvaunenge uchifunga zvinogona kukukanganisa saka unogona kurasikirwa nezvinenge zvichi-

itaurwa naMweya Mutsvene. Dzidzira kuraram hupenyu hunotungamirirwa naMweya mutsvene, uho hunodarika hwembozha. Usatevere zvinhu zvinogona kukuparadza. Urimukuru wemauto achirikuumbwa, saka usamanikidzwe nevanhu, kana nezvikwata kuita zvaunenge usingade kuita. Urimwana wamambo hupfumi nerugare ndezvako! Uriparwendo rwekuva munhu mukuru zvikuru uye uchaita zvizereko!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinokunda zvese zvinondimukira pahupenyu hwangu. Ndiri tsime rerubatsiro renyika dzakawanda nevamwewo vanhu. Ndinorarama hupenyu hwangu ndiine zvakawanda. Maita henyu Jesu! Ameni.

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 7:31

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Joshua 12-15



1 Timoti 6:16

Iye oga asingafi, agere pachiyedza chisingagoni kuti munhu aswedere kwachiri; asina kumbo onekwa nemunhu uye asingagoni kuonekwa, kukudzwa nesimba risingaperi ngazvive kwaari, Amen.

Bhaibheri parinotaura pamusoro pe"ruoko rwaMwari' kana kuti chigunwe cha Jehovha', rinenge risingareve maoko kanazvignunwe chaizvo asi chimwe chikamu chepamusoro chekubata kwaMwari. VaEfesu 4:10 inoti, "Wakaburuka ndiye wakakwira wokumusorosoro kwedenga rose, kuti azadzise zvose." Uye muna, Genesisi 1:1 zvinonzi, "Pakutanga Mwari akasiika denga nenyika." Saka kana Mwari vachigona kusika denga, zvinoreva kuti havasi ikoko!

Mwari vakakwira vakadarika matenga, ringave denga rekutanga kana rechipiri, Mwari vakadarika matenga ese! Bhaibheri rinoti matenga haakwanise kugarwa naMwari nekuti Mwari vakakurisa zvekuti denga harigone kuvachengeta! Vamqwa vanogona kuti tinoona Mwari vachigara kudenga. Asi, bhaibheri ririkutsindidza kuti Mwari vanogara muchiyedza chisina anokwanisa kusvika kwachiri! Unoona chaunoo-na unenge urimumvuri waMwari kudenga. Matombo akakosha akaita se jaspa nesafaya ayo akagadzira chikamu chechigaro chaMwari anobuditsa chiyedza. Mwari vanoratidza chiyedza chavo chiripachigaro kwete ivo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikufamba ndirimuchiyedza chaMwari. Handitye nekuti shokoraMwari irambi kutsoka dzangu richiva chiyedza munzira dzangu. Rima harina simba pamusoro pangu nezita raJesu! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Jakobo 1:17

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Joshuva 16-18



Zvirevo 11:30

Zvibereko zvowakarurama muti wehupenyu; Unobata mweya yevanhu ndiye wakachenjera.

Kutendeutsa vakarasika kuti vatambire Ishe Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwavo ibasa rakakosha kukereke zvekuti kereke inofanira kunzwisisa kukosha kwebasa iri. Nyika inotogona kunyepa kudarika kereke pakushambadza zvinenge zvakaikoshera panguva iyoyo. Semuenzaniso, kana kukashambadzwa nezvemapfekero echizvino zvino, vanhu vepanyika vanomhanyidzana kutsvaga mbatya dzacho, uye zvinenge zvakatovakoshera. Munhu wese anotanga kutevedzera zvacho zvinenge zviine mukurumbira mazuva iwayo uye hapana anobvunza kana kupokana nezvinenge zviripo

panguva iyoyo! Ko seyi zvichidaro, nekuti zvinenge zvichifambirana nenguva!

Zvinorwadza kuona kuti tsika iyi yapindawo mukereke, uye zvirikuitika isingazvicherechedze kuti ndozvavapo, zvichitokurudzirwa. Hatisikutarisa tirikure nazvo kwete, tirikutokurudzira kuitwa kwazvo. Takasanangurwa sevatsvene kuti tikwanise kutendeutsa vakarasika, asi hatinga budirire kuita basa iri kana tichitadza kutsiura kuitwa kwezvitadzo. Kana uchida kuita basa iri zvakanaka unofanirwa kuona nekuziva zvinhu zvine njodzi. Chinangwa chako ngachive cheku bvisa munhum kubva kugehena uchimuisa kudenga! Nzwisisa kubvira nhasi kuti wakaberekerwa kutendeutsa vakarasika!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikuenda panzvimbo, kubasa rangu randakaidzirwa re-
kutendeutsa vanhu kuti vatevere Jesu! Ndinonyatsonzwisisa
basa rangu; uye nderekutendeutsa vanhu zvanhasi nenguva
dzese. Mbirikuna Mwari.**

MAVHESI EKUVERENGA

Jakobo 5:20

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Joshuva 19-21

**Ruka 10:19**

Tarirai ndakakupai simba rokutsika pamusoro pesimba renyoka nezvin-yavada napamusoro pesimba rose remuvengi hakuna chinhu chingatongokukuvadzai.

Mumwe munhu anogona kunge akap-fupika, mumwe arimurefu, mumwe akadukupika uye mumwe ariwepa-kati nepakati. Asikana tavekutaura pamusoro penyaya yesimba, kuva nesimba hakuna zviye zvekurienza-nisa nechimwe chinhu, nekuti simba ragara richioneka parinenge riri! Haku-na anopokana nazvo kana simba ra-ratidzwa. Mumazuva ano ekupedzi-sira, zvakanosha kuti simba raMwari riratidzwe kuitira kupedza nharo nez-vimwewo zvisina maturo, zvinotaurwa pamusoro paMwari. Kereke yanhasi inofanirwa kuti iratidzire simba raMwari,

vanhu vese voziva kuti Ishe Jesu Kristu ndivo Ishe.

Matambudziko aurikusangana nawo aya nguva dzese haasikukonzera here nekutadza kwako kuratidza simba rako? Muvengi akafunga kukushungurudza here, nekuda kwekuti hauzive kuti uri ani? VaEfesu 5:30 vanotsanangura kuti uri ani muna Kristu, nekuti vanoti: "Nekuti tiri nhengo dzemuviri wake, nyana yake nemapfupa ake". Nyatsonzwisisa zvataurwa izvi. Paunofamba Jesu ndiye anenge achifamba, paunotaura mukaka nehuchi, ndiye zvakare anenge achitaura. Hupenyu hwauri kurarama izvezvi urukuhurarama urimunaKristu. Kristu mauri itariro yekubwinya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinesimba rekukunda miyedzo yese yandinosangana nayo. Handitye; Ndirimuhombe munyika yemweya. Pandinofamba Kristu anofambawo. Hupenyu hwangu ndehwemhando yepamusoro! Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Mako 16:18

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Joshuva 22-24

**1 Samueri 9:3**

Zvino mbongoro dzaKishi baba va-Sauro dzakanga dzarashika. Ipapo Kishi akati kuna Sauro mwanakomana wake, enda nomumwe wavaranda munotsvaga mbongoro.

Munyika yelsraeri mbongoro dzinomirira hushe husina magumo ndosaka Jesu akakwira mbongoro avekupinda muJerusarema nekukunda kukuru. Ukaverenga vhesi redu ranhasi unoona kuti Sauro akazozodzwa kuti ave mambo wekutanga welsraeri. Zvakatora madhongi kuti arasike kuti Sauro aiswe muhwaro hwehupenyu hwake samambo walsraeri. Dambudziko rakan-goerekana ravepo mubhizimusi rako kana mumhuri rakanganga kukuisa muhwaro hwehupenyu hwako, nekusimudzira hushe hwako munezvemari.

Patiri kupeta mwedzi uno, tirikupedza zvese zvaida kukuparadza. Zvese zvanga zwichishaikwa muhupenyu hwako ngazviwanikwe izvezvi nezita raJesu! Hakusisina kunonoka kwezvinhu! Kumiswa kwehupenyu kwabviswa muhupenyu hwako, wapinda mumavambo ezvitsva. Maljipita aurikuona nhasi hauchaona zvakare! Mambo ari mauri ngaachimuka. Uchapupura zvechokwadi uye kubwina kwechinhanho chitsva chauri kukwira kuchaonekwa nevese.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekerwa kutonga; hakuna dambudziko rinondiwisira pasi, Ndinorarama hupenyu hwekukunda uye kubuda kwangu nekudzoka kwakaropafadzwa. Ndirimutakuri wenhau dzinonakidza! Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Vatongi 5:10

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: Judges 1-2

**ZVAKAZARURWA 2:4**

Asi handifari nechinhu icho kwauri kuti wakasiya rudo rwako rwokutanga.

Unofanirwa kuva nenzara yezvinhu zvaMwari kana uchida kuti ubake moto. Munzara imomo ndimo mu-notanga kubvira moto mukati mako. Kana uine nzara unonyatsonzwa zvinenge zvichitaurwa naMweya Mutsvene. Unogona kunge wakagara wega mumba wotanga kunzwa mutoro pamusoro pekereke kana kuudzwa zvekuita. Kanausina moto mauri unogona kuregera kuita zvaunenge watumwa namweyamutsvene, kana kuzviita sezvinhu zvisina basa worega kuzviita ipapo ipapo uchiti uchati wozoviita. Mweya mutsvene anotaura newe zvakanaka achikuraira asi kana usina nzara yezvinhu zvaMwari, hauite

zvaunenge akutuma!

Vanhurume nevanhukadzi vanenzara yezvinhu zvaMwari ndivo vachashandiswa naMwari. Naivo vasingaite chijairire uye vanoramba vachivimba naJehovha kunyangwe zvakaoma! Vachaita sevakomana vechiHebheru vatatu avo vakati kuna mambo hatipfugamire chimufananidzo chegoridhe, kana Mwari akasatibatsira panyaya iyi, isu hatisikuzobvuma hatiitongwe nenyika, kunyangwe hupenyu hwedu huri munjodzi, pamusana penyaya iyi', zvikakonzeresa Mwari kuti vapindire vavanunure. Nzara yako yezvinhu zvaMwari ngaikure, uwone hupenyu hwako huchiita munana!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA


Ndine nzara yekutendeutsa nyika dzakawanda kuti. Handina chimwe chekuita asikutevera kutungamira kwaMweya Mutsvene nekukurumidza. Ndiri mumoto, mbiri kunaShe! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 24:12

Makwikwi Ekuverenga Bhaibheri Mukati Memazuva 365

Vhesi Rauchaverenga Nhasi: VaTongi 3-5



**SUBSCRIBE TO OUR
YOUTUBE CHANNEL**

WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GOODNEWSDAILY



Become a

GoodNews

DAILY

PARTNER



PARTNER NOW AND HELP SPREAD
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT www.goodnewsworld.com/gndpartner

MAGWARO EVHANGERI EKUDZIVIRIRA

ISAYA 54.

NDICHASIMBISWA MUKURURAMA
NDICHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA
HANDINGATYI UYE NDIRIKURE
NEZVINOTYISA

PAKAITA ANONDIRWISA,
HANDITOMBOFUNGA KUTI VATUMWA
NAMWARI, UYE KANA VAKANDIRWISA
NDINOKUNDA

MWARI AKASIKA MUPFUURI
ANOPFUTIDZA MAZIMBE MUMOTO
NOKUITA NHUMBI YEBASA RAKE
NDIYE AKASIKA MUPARADZI KUTI
APARADZE

HAKUNA NHUMBI YOKURWA
INOPFURWA KUZORWA NENI,
ANONDIPAOMERA MHOSVA ACHANZI
MUNYEPI. NDIRIMURANDA WAMWARI
UYE MWARI VANOITA KUTI ZVINHU
ZVESE ZVINDISHANDIRE
MUNEZVAKANAKA

NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI
UYE HAZVIRAMBE KUBUDIRIRA NEZITA RAJESU!

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH



WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI?

CONVIDAMOS VOCÊ A FAZER JESUS CRISTO
O SENHOR DA SUA VIDA FAZENDO ESTA ORAÇÃO;

"Ó SENHOR DEUS, VENHO A TI EM NOME DE JESUS CRISTO. CREIO DE TODO O MEU CORAÇÃO EM JESUS CRISTO, FILHO DO DEUS VIVO. CREIO QUE ELE MORREU POR MIM E DEUS O RESSUSCITOU DOS MORTOS. CREIO QUE ELE ESTA VIVO HOJE CONFESSO COM A BOCA QUE JESUS CRISTO É O SENHOR DA MINHA VIDA A PARTIR DE HOJE. POR ELE E EM SEU NOME, TENHO A VIDA ETERNA, SOU NASCIDO DE NOVO. OBRIGADO SENHOR POR SALVAR A MINHA ALMA! AGORA EU SOU UM FILHO DE DEUS. ALELUIA!"

PARABENS! AGORA VOCE É UM FILHO DE DEUS.

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW AS
A CHRISTIAN PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON:

UK: +44 3333 448 612

USA +1 240 781 6942

RSA +27 51 004 0209



The **GoodNewsWorld** Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com